ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№77 (22.735) ● 2014 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 23, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий лэжьыгъэ IуэхукIэ Москва щыхуэзащ «ПроектыщIэхэр пхыгъэкIынымкIэ стратегие жэрдэмхэм я агентствэм» и генеральнэ директор Никитин Андрей

Ахэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ инвестицэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным, хьэрычэт Iэнатlэ мыинхэмрэ курытхэмрэ я проектхэр ядэIыгъыным, административнэ лъэпощхьэпохэр гъэмэщIэным, инвестицэ экономикэм кIыхэзылъхьэфрынухэм щIыналъэм и унафэщIхэм къагъэув шэсыпlэхэр зыхуэдэм щыгъуазэ защIын папщIэ гъэзэщIакIуэ властым и органхэм я лэжьэкIэм и пщалъэхэр зэтегъуэвэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хагъэхьащ Урысей Федерацэм и субъектхэм щыIэ инвестицэ щытыкIэм и лъэпкъ рейтингыр дыздэрыт ильэсым мэлыжьыхь-накъыгъэ мазэхэм япэу щагъэунэхуну щыналъэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Стратегие жэрдэмхэмкIэ агенствэмрэ дяпэкIэ зэдэлажьэну зэгурыIуащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Уасэхэм кIэрагъэхуфынукъым, ауэ хагъэхъуэнкIэ хъунущ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу депутатхэм щыгъуазэ защIащ Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыIэм - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и унафэщI Шурдым Iэсият цIыхухэм Iуэхутхьбзэ яхуэщIэным и лъэныкъуэкIэ а Iэнатlэм щызэфIагъэкIэм теухуауэ жиIам.

ДОКЛАД зыщIам къигъэлъэгъуащ пощт зэпыщIэныгъэм и Iуэхущlапlэ зэмылIэужьыгъуэу республикэм 206-рэ зэрыщIэр. Абыхэм ящыщу 50-р къалэхэмрэ къалэ теплъэ зиIэ поселкэхэмрэ, 156-р къуажэхэм щолажьэ.

Социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхутхьбзэу, коммерческэ Iуэхутхьбзэу пощтым и лэжьакIуэхэм зэрIагъэкIэр лIэужьыгъуи 130-м щIегъу. Абыхэм хиубыдэу пощтым кьалэнышхуэ зэфIегъэкI республикэм и коммунальнэ хозяйствэр тэмэму лэжьэн папщIэ. Абы «Газпром. Межрегионгаз. Пятигорск» жэуап зэхэгъэщIхьэхуIа зыхь зэгухьэныгъэмрэ «Къэббалъкъэнерго» акционер зэгухьэныгъэ зэIухэмрэ я Iуэхутхьбзэхэр къэзыгъэсбэп цIыхухэм ахъшэ ятын папщIэ, хьыбарегъащIэу гъэ кьэс мин 260-м нэблагъэ конвертхэм дэмылъу яIэрегъэхь.

Пощт Iуэхущlапlэхэм къыщагъэсбэну щIадзащ ахъшэр псынщIагъуэу зэрагъэхь, къызэрыIах «Форсаж» Iэмалыр. Урысейм и пощтымрэ «Кассэ зэIуха» ахъшэ зэрат системэмрэ зэущIигъуу зэрагъэубгъу сотовэ связым, Интернет-провайдерхэм, коммерческэ телевиденэм, электрон ахъшэмкIэ системэм икIи мазэ кьэс платеж мин 19-м щIигъу, псори зэхэту сом мелуани 2-м нэблагъэу, зэхуахьэс.

2013 - 2016 гъэхэм ятещIыхьа «Шынагъуэншагъэ здэщыIэ республикэ» программэ хэхар гъэзэщIакIэм зыхубыдэу республикэм и пощт лэжьакIуэхэм административнэ кIуаншагъэхэр автоматикэм и Iэмалхэмкlэ зыхъ центрымгъэуэгъэрыщызекIуэхабзэхэркIыхьзэрызэпудам кьыхэкIыу цIыхухэм зэретхьэкъымкIэ хъыбарегъащIэхэр зэбграх икIи абыхэм ябгъ иткIэ ахъшэ кьыIах.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Жыгхэр щыхьэт зытехъуэ

Санкт-Петербург щыIэ Красногвардейскэ районым и Малоохтинскэ паркым и Iэгъуэблагъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу тыгъэ хуащIа жыгей пlуныжь 70-р щыхасащ. Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 70 зэрырикъум теухуа Iуэху дахэм хэтащ КъБР-м Печатымрэ щIыхубэ коммуникацIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Дроздов Игорь, дуней псом щыщIэрыIуэ кинорежиссер Сокуров Александр, КъБР-м и лIыкIуэу Санкт-Петербург щыIэ Сэралъп Альберт, КъБР-м и щIыхубэ артистхэу композитор Къэбэрдокъуэ Муратрэ дирижер Голиков Михаилрэ, Санкт-Петербург и администрацэм и лэжьакIуэхэр, къалэм щыIэ ветеранхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, къалэдэсхэр.

КРАСНОГВАРДЕЙСКЭ районым и администрацэм и унафэщI Панкевич Виктор къыхигъэщащ апхуэдэ зэхьхьэхэр тхыдэм и фэеплъ гуапэу къызэрыгъэтыгъэр, щIэблэм я къжIуэныжкIи мыхьэнэщхуэ зэриIэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым къикIа тыгъэ лъапIэр фашист блокадэм и илъэс ткIийхэм Ленинград зыхъума псоми я фэеплъщ. Дыщыгъуаззщ, дощIэж ди кьалэ-лIыхъужьым лъэпкъ куэдым кьахэкIа зауэлIхэр къызэрыщIэхыжкар. Ягъ итахэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пажэхэр, - жиIащ абы.

Дроздов Игорь къыхигъэщащ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным КъБР-м гулыIэ щхьэхуэ зэрыщыхуащIыр. Щапхъэу кIыхьащ илъэсым и пэм Налшык, Санкт-Петербург, Вологдэ, Къэзан, Ярославль, Челябинск кьалэхэм щекIуэкIа «Ленинград и лIыхъужьыгъэр дощIэж, догъэлъапIэ» видеоконференцыр. Абы щыгъуэщ «ищхьэрэ кьалащхьэм» жыгей 70 тыгъэ хуащIыну гукъэкI щащIари.

- Налшыки республикэм и район куэдми щыIэщ Ленинград къыщхьэщыжу зи псэр зыта зауэлI хахуэхэм я щIэзэрыгъэхьащ. Таурыхьым кьыхэщ лIыхъужьхэм я щыгъынхэмкIэ хуэпа артистхэм теплъэгъуэ кIэщIхэр утыку кьрахьащ. КIэщIу жыпIэмэ, махуэр псоми гукъинэжу ягъэкIуащ.

Сыхьэтыр 13-м кьалэм дэт псыутххэр псори зэуэ щIагъэнэжащ, утхэм щызэхуэсахэм я Iэгуауэ макьым щIэту. Республикэм исхэм я гур хегъахьуэ псыутхым, макьамэр зыхуэдэм елытауэ, зи инагъымрэ зи пльыфэмрэ зихъуэжьым. Макъамэ псынщIэ къыщеуэкIэ, псыутхым метр зыбжанэкIэ лъагэу зеIэт, и щхьэщыгум мафIэхэр къыщылыд-щыункIыфIыжу. Ар классикэ, рок, лъэпкъ макъамэхэм «къыдофэ».

ЩIэч зыхэмылъыжраци, нэхъапэхэми хуэдэу, ЗэгурыIуэныгъэм и утыр цIыху кIуапIэ, щэнхабзэ центр хъужьнуц. Махуэ хуабэм абы и Iуфэм деж зыщыбгъэпсэхуну уасэ зэримыIэм, цIыху езэщам къару, гукъыдэж къызэрыхилъхьэжым хэт щымыгъуазэр?! Абы и закъуэжьым. ЩIалэгъуалэм щщыхьэщхьэкIэрэ абдежым джэгу щызэхахублэурэ кьафэм щалэ зэфIэкIхэр щагъэлъагъуэ, щызэроцIыху, унагъуэхэм зэгъуэгу нэгузыужьу зэманыр щагъакIуэ. Кьалэм и щIыуэпс кьулейм кьыдэкIуэу, хьэщIэхэри псыутхым и дахагъым итхьэкъуащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЕплI, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Санкт-Петербургрэ я зэныбжьэгъугъэм и щыхьэт дахэ хъуну си гуапэщ, - жиIащ Дроздовым.

- ТекIуэныгъэр къызэрыгъэхьрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу жыгейхэри кьэщIэрэщIэнщ. Ахэр лIэщIыгъуэкIэрэ зэрыпсэур кьэпльытэмэ, фэеплъыр яхъумэнкIи пщIэ кьызытранэнкъым, - кьыхигъэщащ Санкт-Петербург къэралщIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Григорьев Евгений.

Аллеер хаса нэужь, абдежым щагъэтIылъащ «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ кьызэрыщытхьрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу КъБР-м и щIыхуэхэм Ленинград и кьыщхьэщыжакIуэхэм фэеплъ хуащIа тыгъэ» зытетха мывэр.

НужькIэ къызэрагъэпэщащ щIыналъэмI и лъэпкъ щхьныгъуэхэм я зэпеуэ. Адыгэ, балъкъэр бзыльхугъэхэм япщэфIа лэкъум ищтырымрэ хъыршынымрэ, адыгэ кхуейр, петербургдэсхэм ягъэхъэзыра ерыскьыкъэр дэтхэнэми кьыIуры-Iэфlащ.

Махуэр иухащ концерткIэ. ЩIыкIэпщынаэ Зеифэ Апэмэз, композитор Къэбэрдокъуэ Мурат сымэ я макъамэ щIэщыгъуэхэр, ЛIыхъугу Тимуррэ Бязровэ Элинэрэ я кьафэр, «Нур» кьэфакIуэ гупым я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэр псоми ягу дыхьащ. Хуабжьу телъыджэ ящыхьуащ адыгэ щыкIэпщынэмрэ урыс балалайкэмрэ я зэщIэжьыпэр.

Санкт-Петербург и администрацэм и лэжьакIуэхэм жаIащ мащIэжу елъэри Налшык кьалэ тыгъэкIэ кьаIэрыхьэупсэнур.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.

ПэщIэтын папщIэ

УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий Къэрал Думэм кьыщыпсэлъащ. Абы кьыхигъэщхьэхукIащ КъуекъэпIэм экономикэ и лъэныкъуэкIэ и къытекъуэныгъэм пэщIэтын папщIэ Урысейм и Правительствэм зэфIигъэкIыну Iуэхухэр. Иужьрейхэр хуэгъэзащ а къытекъуэныгъэр ди къэралым къытемыгъэхьэлъэным.

Медведев Дмитрий Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм я щхьэфэ иIэбащ. Абы жиIащ Урысейм и цIыхухэр пенсэ щагъакIуэ ныбжьым хагъэхъуэныр зэрыфIэмыкъабылыр. «Ар сыт и лъэныкъуэкIи къемылэгъащ», - кьыхигъэбелджылыкIащ къэрал кьулыкъущIэм.

Псэуныгъэ пщалъэ

Урысейм и Премьер-министр Медведев Дмитрий Iэ тридзащ псыуэ, газу къагъэсэбэпым «псэуныгъэ пщалъэ» хуагъэувыныр зымыдэ унафэм.

ЯпэщIыкIэ псыуэ, хуабэу, газу къагъэсэбэпыр зыхуэдизыр кьызэрапщ Iэмэпсымэхэр ягъэувын хуейщ. Урысей Статистикэмкlэ и къэрал комитетым кьызэритамкIэ, 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м ирихьэлIэу апхуэдэ IэмэпсымэхэмкIэ фэтэрхэр кьызэрызэгъэпэщащ процент 57-м зымащIэкIэ щIигъу кьудейкIэщ.

Псом хуэмыдэу щытыкIэр щызэкIэлъымыкIуэщ цIыхухэр псы щIыIэрэ хуабэкIэ кьызэгъэпэщыным и Iэнатlэм. Мыбы апхуэдэхэу кьагъэсэбэпхэр зыхуэдизыр кьыхэрапщ Iэмэпсымэ гуэри щызекIуэркъым. Араци, япэщIыкIэ фэтэрхэр зыхуеинуIэмэпсымэхэмкIэ кьызэрэпэщын хуейщ.

КуэдкIэ худачых

Урысей властхэм яхуэзэфIэкI псори ялэжь мы гъэм и гъэмахуэм Кърымым зыщызыгъэпсэхуну кIуэхэм я бжыгъэм кIэрамыгъэкъун щхьэкIэ. Президент Путин Владимир Iэ тридзащ мэкъуауэгъуэм и I-м къыщыщIэдзауэ хьгтIыгу ныкъуэм лъатэ кхъухьлъатэхэм я билетхэм я уасэхэм щIагъуэжа налог (НДС) трамылъхьэным теухуа унафэм.

Мы зэманым ди къэралым и кIуэцIым цIыхухэр къыщезышэкI кхъулъатэхэм я билетхэм НДС-м и процент 18 щIагъу. Арац билетхэр куэдкIэ нэхъ лъапIэ зыщIыр. Кърымым апхуэдэ налогыр щхьщхьащхьэ ди къэралым щыгъэпэу.

♦**Администрацэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**Тхылъымрэ авторым и хуитыныгъэхэмрэ я дуней псо махуэщ**

♦1836 гъэм дунейм кьытехьащ Пушкиным кьыдигъэкI «Современник» журналым и япэ томыр.

♦1943 гъэм СССР-м и Совнаркомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжьыным теухуа унафэ кьищтащ, сом мелуан 11-м щIигъуи республикэм кьыхуиутIыпщащ.

♦1994 гъэм УФ-м и Правительствэм и унафэкIэ Ингушым и кьалащхьэ Магас щагъэтIылъауэ щытащ республикэм и кьэрал университетым и лъабжьэр.

♦Мэлыжьыхьым и 23 - 26-хэм Москва щызэхэтынущ Урысей Федерацэм хьхьэ щIыналъэхэм я нотариальнэ палатэхэм я лIыкIуэхэр зыхэтыну отчет-хэхьныгъэ зэхуэсыр.

♦Мэлыжьыхьым и 23 - 26-хэм Минеральные Воды кьалэм щекIуэкIынущ «Туристика-2014» дунейпсо инвестицэ зэхуэсышхуэр.

♦Инджылыз тхакIуэшхуэ **Шекспир Уильям** кьызэралъхурэ илъэс 450-рэ ирокъу. Абы и щIыхькIэ Лондон нобэ кьащцIэзэIуахынущ Шекспир и пьесэхэм я дунейпсо фестивалыр, кьэрал 37-м я театрхэм я актерхэр зыхэтынур.

♦1912 гъэм кьалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Теунэ Хьэчим**.

♦УФ-м и цIыхубэ артист **Прыгунов Лев** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Дзэ кьулыкъущIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, Абхъаз Республикэм и лIыхъужь, АР-м зыхьлэмэжьныгъэмкIэ и министру щыта генерал-лейтенант **Сосналы Сулытlан** 1942 гъэм кьалъхуащ.

♦Хьэрычэтыщ Iэ, псапащIэ **Шыкъ Борэн** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 9 - 11 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уимыш умышэс.

Къалэр зыгъэдахэ псыутххэр зэуэ щIагъэнэж

● Щэнхабзэ

Жыгхэр къыщытIэпI, удзхэр къыщыхэхэ гъатхэм и курыхым ирихьэлIэу, Налшык Iуэху гуапэхэр щекIуэкIащ, ПЦIыпIэ самоуправленэм и махуэм и щIыхькIэ.

КЪАЛЭДЭСХЭРИ республикэм и хьэщIэхэри нэхъыбэу щызэхуэсат КъБР-м и Правительствэм и гупэм кьыт Зэгурыгуэныгъэм и утым. Ар икIи гурыIуэгъуэщ - псори темыпыIэжу пэплъэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэр нэхъри бжьыфIэ, дахэ зыщIа, макъамэм зыдэзыщIу «кьафэ», зэмыфэгъуу кьаблэ псыутхыр щыпагъэнэжынум.

Кьалэ администрацэм и Iэтащхьэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** кьызэхуэсахэм я кьхьэхуащ махуэ дыгъэпсэр куэду кьытхуэзыхьыну гъэмахуэр кьызэрыблагъэмкIэ, псыутххэр зэрыпадзэжымкIэ, гуэкъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщIэну, екъулIэныгъэхэр яIэну, я гъащIэр мамырыну зэрригуапэри кьыхигъэщащ.

Къуэдзокъуэм кьызэхуэсахэр кьыхуриджащ псори зэкъуэувэу кьалэр зэрыгъэфIэкIуэным, зэрагъэдэхэнум, нэхъри щIэращIэ, кьабзэ зэращIынум хущIэкъуну. ГъащIэм и дамыгъэ псыутххэр ебгъэжьэж щыхъуну пIалъэ мэлыжьыхьым и 19-р зэраублэжьуар жиIащ абы.

Налшык кьалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм кьызэригъэпэща концертым щIыхушхуэ зэхуишэсащ. Ар ирагъэкIуэкIащ Аттаев Азнорр МафIэдэ Линэрэ. Балигъхэми сабийхэми я нэгу зрагъэужьу зэхьыхэр ягъэдэхащ республикэм и духовой оркестрым, къэфакIуэ ансамблхэм, бэрэбанщэхэм, пшынщэхэм, уэрэджьIакIуэхэм, джэгуфэхэм.

НыбжьыщIэхэм Iэмал яIащ мафIэгу IэрыщIым ису утым и Iэгъуэблагъэм зыщапlэныхьыну. Ар гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ зыщыхъуа щIыкIуэхэр куэд хъурти, чэзуэ абы итIысхьащ. Абдежым щат шы щIыкIуэхэмкIэ, лъакъуэрыгъажэхэмкIэ утым къыщыщызыхьыну гукъыдэж зиIэхэри мащIэтэкъым. Сабийхэм морожнэхэр хуагуэшурэ зрагъэтIысжащ, зэпеуэ, джэгукIэ гъэщIэгъуэнхэр кьыхуэзрагъэпэщащ. Таурыхьым кьыхэщ лIыхъужьхэм я щыгъынхэмкIэ хуэпа артистхэм теплъэгъуэ кIэщIхэр утыку кьрахьащ. КIэщIу жыпIэмэ, махуэр псоми гукъинэжу ягъэкIуащ.

Сыхьэтыр 13-м кьалэм дэт псыутххэр псори зэуэ щIагъэнэжащ, утхэм щызэхуэсахэм я Iэгуауэ макьым щIэту. Республикэм исхэм я гур хегъахьуэ псыутхым, макъамэр зыхуэдэм елытауэ, зи инагъымрэ зи пльыфэмрэ зихъуэжьым. Макъамэ псынщIэ къыщеуэкIэ, псыутхым метр зыбжанэкIэ лъагэу зеIэт, и щхьэщыгум мафIэхэр къыщылыд-щыункIыфIыжу. Ар классикэ, рок, лъэпкъ макъамэхэм «къыдофэ».

ЩIэч зыхэмылъыжраци, нэхъапэхэми хуэдэу, ЗэгурыIуэныгъэм и утыр цIыху кIуапIэ, щэнхабзэ центр хъужьнуц. Махуэ хуабэм абы и Iуфэм деж зыщыбгъэпсэхуну уасэ зэримыIэм, цIыху езэщам къару, гукъыдэж къызэрыхилъхьэжым хэт щымыгъуазэр?! Абы и закъуэжьым. ЩIалэгъуалэм щщыхьэщхьэкIэрэ абдежым джэгу щызэхахублэурэ кьафэм щалэ зэфIэкIхэр щагъэлъагъуэ, щызэроцIыху, унагъуэхэм зэгъуэгу нэгузыужьу зэманыр щагъакIуэ. Кьалэм и щIыуэпс кьулейм кьыдэкIуэу, хьэщIэхэри псыутхым и дахагъым итхьэкъуащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Ди къуэш республикэхэм

Сабий ныкъуэдыкъуэхэм хуэщIа транспорт

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и щыхьэрым и администрацэм сабий ныкъуэдыкъуэхэр къешэжкIыным хуэщIа «Газель» автомобиль къищэкъуащ.**

ТРАНСПОРТ Iэмэпсымэм текIуэда мылъкур кьала, федеральнэ бюджетхэм кьыхэкIащ, езы машинэр «Доступная среда» проектым кьриубыдэу зыIэрагъэхьащ. КьыкIэщIагъэж платформэм килограмм 350-рэ ишэчынущ икIи ныкъуэдыкъуэр креслэм ису автомобилым ипшэфынущ. Коляскэм исхэм папщIэ платформэм убыдыпIэхэр иIэщ, дэтхэнэ зы тIысыпIэри щынагъуэнщагъэ бгырыпхкIэ, шоферыр кьызэребджэ кнопкэкIэ кьызэгъэпэщащ.

КъШР-м и кьалащхьэм и Iэтащхьэм кьызэрыхигъэщамкIэ, зэкIэ а зы автомобилырыщ зыIэрагъэхьар. Ауэ абдежым зыщыцуфыIэныкъым икIи ныкъуэдыкъуэхэм яхуэщIа транспортхэм я бжыгъэм хагъэхъуэнущ.

КъэмыкIуалIэхэр къыхагъэкIыж

АДЫГЕЙ. **Мейкъуапэ дэт сабий садхэм Iуэхущlапlэм емыкIуалIэ щIыкIуэхэр зыхагъэкIыжынущ.**

КЪАЛЭ властхэр зэрелъпIымкIэ, абы сабий садхэм ехьэлIа чэзур игъэмэщIэнущ. Администрацэм кьызэритымкIэ, иджыпсту сабий садхэм екIуалIэр мащIэ дыдэщ, абы кьыхэкIыу щхьэусыгуэ пыухыкIа ямыIэу гупхэм махуэ 75-кIэ кьахэмыхьэ щIыкIуэр хагъэкIыжьыпэнущ.

Мейкъуапэ и Iэтащхьэ Наролин Александр Iэщ Iэнатlэм пщэрылъ ящыщIащ сабийр садым кьыщIемыкIуалIэм и щхьэусыгуэр дэтхэнэ адэ-анэми епсальэу зыхагъэкIыну. Абы иужькIэ унафэ кьащтэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сом меларди 2-м нэс

● Банк Iуэхухэр

Урысейм и ХъумапIэ банкым илъэсыр къызэрихьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм сом меларди 2-м нэблагъэ хилъхьащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процент 24,8-кIэ нэхъыбэщ.

ЗИ ГУГЪУ тщIы зэманым кьриубыдэу мэкъумэш Iэнатlэхэм яхухихым хуэди 6-м нэскIэ хэхьащ. Къащтэмэ, а Iуэхум сом мелард 1,079-рэ, республикэм и промышленностым сом мелуан 529-рэ хилъхьащ.

- Псори зэхэту ди щIыналъэ къудамэм и щIыхуэу къащтэм мы гъэм япэ мазищым сом мелард 1,56-кIэ хэхъуащ. Ар илъэс кIуам и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ хуэдэ 1,5-кIэ нэхъыбэщ, - къигъэлъэгъуащ Хъумапlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущlапlэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

БАГЪЭТЫР Анзор.

Уасэхэм кІэрагъэхуфынукъым, ауэ хагъэхъуэнкІэ хъунущ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Пощт зэпыщІэныгъэмкІэ федеральнэ къэрал предприятэм и Іэхэуцлапіэ псоми 2012 гъэ лъандэрэ документхэр электрон Іэмалэхэмкіэ зэрагъакіуэ. Связьым и каналхэмкіэ пощтым ыцІэрохьэ УФ-м и Федеральнэ пенсэ фондым и Управленэу КъБР-м щыІэм зэбригъэх пенсэхэм ятеухуа информацэр, абы ипкъ иткІэ зыхуэфащэ документхэр тредзэри, пенсионерхэм ахъшэр яхуэхь.

- Электрон документхэр къагъэсэбэпу зэрыщІадзэрэ дэтхэнэ пощтзехьэмэ пенсионер къэс ирет абы Іэрыхьэ ахъшэр зыхуэдизыр къыщыгъэльэгъуа талоныр. Апхуэдэ лэжьакІэм и фІыгъэкІэ, дэтхэнэми хуатх, Іэрыльхьэр ират пенсэр зыхуэдизыр нэхъ нэрыльагъу хъуащ. Абы кІыхьэкІыу я нэхъыбэпІэм пенсэхэр къыІахьи папщІэ пощт Іэхэуцлапіэхэр къагъэсэбэпмэ нэхъ къащтэ, - жиІащ Шурдым Іэсият.

Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ Управленэу КъБР-м щыІэм нэгъабэ бюджетым и Іэнатіэ псоми налогыу, кьинэмыкІэ ахъшэу сом мелуан 63,7-м щигъу, абы щыщу федеральнэ бюджетым сом мелуан 49,1-рэ, республикэ бюджетым сом мелуан 14,5-рэ хилъхьащ. А псоми кьадэкІуэу, доклад зыщІам къыззрыхигъэщамкІэ, пощт Іэхэутхьбзэхэм я рынокыр республикэм щІагъуэу къыщагъэсэбэпыркъым, абы кІыхьэкІыу ящыхьэхэм щыІэ пощт Іэхэуцлапіэхэм ящыщу 79-м ятекІуадэм хуэдиз къаухуэнкьыжыркъым. Апхуэдэу щыт пэтми, ахэр зэхуащІыж хъуркъым къуажэдэсхэм пощт Іэхэутхьбзэхэр зэрамыгъуэтынум кьыхэкІыу.

Мазэ, апхуэдэу кварталкъэс мы Іэнатіэм кІэлъыплъынымкІэ къалэнхэр зи пщэ дэлъ федеральнэ Іэхэуцлапіэм и Управленэу КъБР-м щыІэм корреспонденцэ зэмылІэужьыгъуэхэр егъэхьынымкІэ къэрал мардэхэр зэрагъэзащІэр, апхуэдэу хабзэншагъэкІэ зыІэрагъэхьа ахъшэр хьэлэлу кьалэжьахэм хэзыгъэхьэну хущІэкъуэхэм ятпэщІэты-нымкІэ УФ-м и законодательствэм кьиргъэувэкІ гъэзэщІа зэрыхьур кьепщытэ.

- 2013 гъэм ирагъэкІуэкІа апхуэдэ кІэлъпщІэныгъэхэм ятпкъ иткІэ, мыхъумыщІагъэхэр кьыщІагъэщакъым икІи абыхэм ятеухуа протоколхэмэ унафэхэмрэ ятхакъым, - жиІащ Шурдым Іэсият. Ауэ пощт зэпыщІэныгъэм и Іэхэутхьбзэхэр кьыззрызрагъэпэщ щыкІэм теухуа хабзэ мардэхэр къыщызэпауд, щыхухэм тэмэму щемыпсалъэ, я пщэ илъ кьалэнхэр хьэлэлу щагъэзащІэ къэхъу. Ар кьызыхэкІ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ мы Іэнатіэм пэрытхэм я улахуэр зэрымащІэр икІи Іухьэ Іукіхэр зэрыкуэдыр. ЩІэуэ къуэкІэр икІэщІыпІэкІэ хуэгъэсэн хуейщ пощт Іэхэутхьбзэ лІэужьыгъуэу 130-м щІигъунм ехьэлІа хабзэхэмрэ мардэхэмрэ.

- 2014 гъэм щІышылэм и 1 лъандэрэ Урысей Федерацэм пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и Іэхьакіуэхэм я улахуэхэр кьалэхэм процент 20-кІэ, ящыжьхэм процентш 10-кІэ щыхагъэхьащ. Ауэ пощтым и Іэхьакіуэхэм ику иту мазэм кьалэжьыр республикэм и экономикэм и Іэжьакіуэхэм ику иту кьаІэрыхьэм хуэдиз тщІыну дэ иджыпсту мыльку дбгъэдэлъхьым, - кьыхигъэщхьэхуклащ доклад зыщІам.

Шурдым Іэсият апхуэдэу жиІащ щІыхуэхэм хуахь пощтыр зралъхьэ ашыгъэр зэрамыІэр Іэхэутхьбзэхэм зегъэуфбгъунымрэ ахэр ерыгъэфІэкІуэнымкІэ зэран зэрыхьур. «Пощтзехьэхэм корреспонденцэр, газетхэмрэ журналхэмрэ унагъуэхэм я бжэгъущхьэкІэхэм далъхьэ е бжьхым щхьэпрадз. Фэтэр куэд хъу яІыкІыкъу унэхэм я щІыхьэпІэхэм пощт ашыгъэр зэрыфІэмыльымыкъыхэкІыу абыхэм щІэсхэм корреспонденцэр хуахьыркъым е пощт Іэхэуцлапіэхэм иратыжьн куэд мэхъу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьалэхэм фэтэр куэд хъуу щыІэ унэхэм щІэс унагъуэу мин 43-м щІигъун пощт ашыгъэр яІэкъым, кьуажэхэр кьапщтэма, ахэр щыгъуэтыгъуейщ», - зэІущІэм хэтахэм гу лъаригъэтащ къэпсалъэм.

- Корреспонденцэр щІыхуэхэм тэмэму яІэрыгъэхьэным псом япэу егугъун хуейр фэращ, - жиІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар. - Апхуэдэу щыщыгкІэ, фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ компаниехэм фагурыІуэу, пощт ашыгъэр щІыхьэпІэ псоми щыгъэувыным унафэ пыуухыкІа тефщІыжьхьн хуейщ.

Шурдым Іэсият хэхаугъ тепсэлъыхьащ Бахъсэн почтамтым и лэжьыгъэм хэлъ гугъуехьэм. Республикэм щыІэ пощт Іэхэуцлапіэхэм ящыщу а зырыц унэ зимыІэр.

- Сыт хэдэ гугъуехьэр щыІамэ, нэгъабэ республикэм и пощт лэжьакІуэхэм яхуэзэфІэкІащ «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым къаухуигъэува кьалэн нэхъыщхьэхэр нэсу зэфІагъэхьын. Ди Іэхэуцлапіэм и урысейпсо рейтингыр абы и фІыгъэкІэ 82-нэ увыпІэм щегъэжьауэ 13-нэ увыпІэм нэсу дэкІуэтэнущ, - и гуапэу кьыхигъэщхьэхуклащ Шурдым Іэсият.

Депутатхэр доклад зыщІам куэдкІэ ещІущІащ. Газетхэмрэ журналхэмрэ кьезыгъэхьэм ят ахъшэм и процент 90-р пощтым кьыззрищтэр кьыхигъэщхьэхуКІри, КъБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жиІагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щІыхубз хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я Іэхэуцхэмкіэ и комитетым и унафэщІ Хьэщхъуэжь Татьянэ щІэуэщІащ. Газетхэмрэ журналхэмрэ кьезыгъэхьэм ят ахъшэм и процент 90-р пощтым кьыззрищтэр кьыхигъэщхьэхуКІри, КъБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жиІагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щІыхубз хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я Іэхэуцхэмкіэ и комитетым и унафэщІ Хьэщхъуэжь Татьянэ щІэуэщІащ ар кьыззырахьэкІым пэкІуэ ахъшэр гъэмэщІэнымкІэ щыІэ Іэмалхэм, апхуэдэ тарифыр зэрагъэувэ щыкІэм.

- Тарифхэр тхуэгъэмэщІэнкІэ угугъэ хъунукъым, ауэ абыхэм нэхъри хагъэхъуэнкІэ хъунущ. Мы гъэм дэ «Урысейм и пощт» Іэхэуцлапіэм щІэуэ игъэува тарифхэр кьытІэрыхьащ. Газетхэмрэ журналхэмрэ зэбгрыкІынымкІэ щыІэ Іэмалхэм, дотацэхэр дяпэкІэ зэрытхуамыхьынымрэ кьыхэкІыу цІыхухэм Іэ зэрыщІрагъэдэз уасэхэм нэрыльагъуу хагъахъуэ, - жиІащ должа щыІам. Абы кьыхигъэщхьэхуклащ тарифхэр гъэувынымрэ ильэныкъуэкІэ пощтым и щІыналъэ Іэхэуцлапіэхэм хуитыныгъэшхэу зэрамыІэр, - абыкІэ полномочиехэр федеральнэ Іэхэуцлапіэм зэрыбгъэдэлъыр.

- АтІэ апхуэдэ тарифхэр щагъэувкІэ зытращІыхьыр сыт? - щІэупщІащ парламентархэр.

Абы и жэуапу Шурдым Іэсият кьигъэлъэгъуащ тарифхэр щагъэувкІэ газетхэмрэ журналхэмрэ зэбгрыкІынымкІэ, зэбгрыкІынымкІэ кІуадэр - транспортым, бензиным, хьуманІэхэм я уасэр, пощтэхьэм и лэжьапщІэр, нэгъэущІхэри - кьыззральытэр. Къэралыр зэрыщыту тариф щІынальэ зэмылІэужьыгъуэу Іыхьитхуу гуэшащ икІи дэтхэнэ щІынальэми тариф щхьэхуэхэр кьыщагъэсэбэп. Къэбэрдей-Балъкъэрыр япэ тариф щІынальэм хеубыдэ. Республикэр зыхьыхьэн хуей гупыр зыхубгъэхуР «Урысейм и пощт» Іэхэуцлапіэрщ.

Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэр мытэмэму кьиІытащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и япэ кьуэдзэ Жаным Руслан: «Тарифхэр щагъэувкІэ нэхъыбэу зытращІыхьыпхъэр щІыналэм и инагъыщ, апхуэдэу щыщІиткІэ, пощт лэжьакІуэхэм зэпачьн хуей гъэзэгуанэм и кІыхьагъыщ. ЗэрыгрыІуэгъэщи, газетхэмрэ журналхэмрэ нэхъ жьыхъэ яІэхэу, яхьыху тарифхэри нэхъ ин хъунущ. Абы и лъэныкъуэкІэ кьапщтэмэ, Сыбырымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэрызэбгъэпщэнур дауэ? Ди республикэм зы сыхьэтКІэ уздынэмысыж жылагъуэ щІэІэкъым. АтІэ фи унафэщІэкъм ягурыбгъэІуэн хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыхуэгъэзагъэ кьагъэсэбэп тарифхэр кьыззрымызэгъыу».

Чеченов Ануар щІэупщІащ цІыхухэм хуащІэ Іэхэутхьбзэхэм я куэдгъым зэрызихъуэж щІыкІэм. Пощт Іэхэуцлапіэм и унафэщІым зэрыжиІамкІэ, цІыхухэм ятх письмохэр мащІэ дыдэ хъуа пэтми, зэрыщыту кьапщтэмэ, Іэхэутхьбзэхэр нэхьыбэ зэрыхьур.

ЗэІущІэм кьыщІапсэлъахэмрэ къыщыхалъхьахэмрэ кьилъытэу, КъБР-м и Парламентым и Президиумым и унафэм и проектым елэжьыжьну Чеченов Ануар пщэрылъ щищІащ ПромышленностымкІэ, гъэзу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ комитетым.

ЗэхъуэкІныгъэхэр халъхьажу кьащта унафэм ипкъ иткІэ, кьалэ округэхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щІыналъэ я администрацэхэм я унафэщІхэм чэнджащ ираташ уней лъапсэхэмрэ фэтэр куэд хъу псэупІэ унэхэм я щІыхьэпІэхэмрэ пощт ашыгъэмкІэ кьыззрызэгъэпэщащ кьапщытэу, унэхэр зи мылькухэмрэ псэупІэ унэхэр зезыхьэхэмрэ ищхьэкІэ кьыщыгъэльэгъуа ныкъуасныгъэхэр ягъэзэкІуэжьыну кьалэн щащІыну. Апхуэдэу «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и Іуэхущ Іапіэм - Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыІэм чэнджащ иратащ иджыдей технологиехэр кьэгъэсэбэпыным егугъуну, цІыхухэм яхуищІэ Іэхэутхьбзэхэм хигъэхъуэну, Іэнатіэм и инфраструктурэр кьигъэщІэрэщІэжьну.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

БЭШОРЭ Хьэмид Тохьид и къуэр

И ныбжьыр илъэс 55-м иту 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м игуэу нэмысу дунейм ехьажащ КъБР-м и Парламентым и IV хэхыгъуэм и депутат, Законым тетыныкІэ, хабзэр хьумэныкІэ, жылагъуэ шынагъэншагъэмкІэ комитетым и унафэщІ Бэшорэ Хьэмид Тохьид и къуэр.

Бэшорэ Хьэмид Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Къэрэгъэш къуажэм 1959 гъэм къыщалъхуащ. Хабзэхъуэмэ органхэм лэжьэн щыщІидзащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкіэ и органхэм, налог полицэм и органхэм, наркотикхэр зэрызэблагъэкІыным кІэлъыплъынымкІэ органхэм кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр щыІагъащ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэхь зиІэ и юрист» цІэр кьэфІащ. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ЩІыхь тхьылъыр, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и ЩІыхь тхьылъыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и ЩІыхь тхьылъыр къратащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и ФІыщІэ тхьылъыр, апхуэдэу Афганистаным щызэуахэм я Урысей зэгухьэныгъэм «Бгъэдэль фІыщІэм папщІэ» и ордэныр кьыхуагъэфэщащ.

Бэшорэ Хьэмид егупчыныгъэ зыхэлъ, Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ зыщІэлъ, псапащІэ цІэрыІуэу икІи гущІэгъу зыхэлъ цІыхуу республикэм кьыщащІыхуу щытащ. Бэшорэ Хьэмид и гуапагъэмрэ абы зэфІигъэкІа Іуэхущ Іапіэмрэ зи зыцІыхуу щыта псоми ягу кьинэнщ.

КІуэкІуэ Ю. А., Чеченов А. А., Храмов К. К., Вербицкий А. И., Битокъу В. М., Альтуд Ю. Къ., Бозий Н. М., Говоров С. А., Жаным Р. М., Марьяш Е. И., Саенкэ Т. В., Уянаев К. Хь.- М., Фырэ Р. Б., Хьэжу В. Ш.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ гущІыхьэ ящыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и IV хэхыгъуэм и депутат, Законым тетыныкІэ, хабзэр хьумэныкІэ, жылагъуэ шынагъэншагъэмкІэ комитетым и унафэщІ **Бэшорэ Хьэмид Тохьид и къуэр** зэрыІар икІи абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Министрыр Дзэлыкъуэ щІыналъэм щыІащ

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей лэжьыгъэ зэІущІэхэр республикэм и районхэм щеГъэкІуэкІыным пещэ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 16-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэм и Іэтащхьэр Дзэлыкъуэ районым щыІащ. ЩІыпІэ апвнистрацэм и унафэщІ Джатэ Русланрэ Васильев Сергейрэ цІыхухэм я шынагъэншагъэр кьыззгъэпэщыным ехьэлІауэ зэфІэхьыпхъэхэм тепсэлъыхьащ. Джатэм хабзэхьэмэ Іэнатіэм и лэжьыгъэм гулъытэ хуищІащ, район полицэм адэкІи зиужьыну Іэмалхэр зэрыщыІэри кьыхигъэщащ.

Васильев Сергей Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районымкІэ и къудамэм щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Урысбамбэт Шафихь щІыгъуу цІыхухэр иригъэблэгъащ. Абы кърихьэлІа Егъэджэныгъэмкіэ щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм и лЫкІуэхэм жаІащ еджаКІуэхэр гъэсэным и льэныкъуэкІэ хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм нэхъ жыджэру ядэлэжьэну гукъыдэж зэраІэр.

ЦІыхухэм яхуэха нэужь, министрыр къудамэм и унафэщІхэм яІущІащ. Я кьалэнхэм зэрыпэлъэщым теухуа Іуэхуа гуапэкІэ иухащ: кьыхэжаныкІа лэжьакІуэхэм щІыхь, фІыщІэ тхьылъхэр яритащ.

А псоми кьыдэкІуэу, полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей щыІащ Іэщэкіэ зэщІэуэзэда бзаджащІэхэр кьыщытеуам хэкІуэда Дзэлыкъуэ районымкІэ хабзэхъуэмэ я къудамэм и лэжьакІуэм и Іуэхумкіэ сэ ксыстекІуэ курсым щІэсакъым. Аращ си чэнджэщ хэзыщІыхьаХэри.

Зи гугъу тщІы фабрикэр Къэзахстаным пыщІауэ мэлажьэ. Абы кьыхэкІы я хьэпІыш псори бжьэхуц кьабзэм кьыхащІыкІыну Іэмал ягъуэт, фІагъи ябгъэдэлъ.

Епсэльар **ЛЪОСТЭН Музэщ.**
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

НехьэкІ-къехьэкІ хэмылъу дэтхэнэ зы Іуэхуми бгъэдохьэ

- Телевиденэм и Іэмалхэр кьигъэсэбэпу мэлыжьыхьым и 17-м щІыхуэхэм зэІуэхауэ щепсэлъьам УФ-м и Президент Путин Владимир аргуэру зэ кьыгъэлъэгъуащ щІыхубзэр зыгъэпсЫейтей Іуэху псоми нэгъэсауэ зэрыщыгъуаз эр,- апхуэдэу жиІащ зауэм, лэжьыгъэм, ІэщэкІэ ЗэщІэуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфа.

«ПСОМ хуэмыдэу гулъытэ хэха яхуэщІыпхъэщ къэрал щІыб политикэм ехьэлІауэ Президентым жиІахэм. Къэрал щІыб политикэр тэмэму убыхуным хуэгъэзауэ иужьрей зэманым къэралым и Іэтащхьэм нлэжьахэр сэбэп хъуащ Урысей Федерацэм ерыпсо утыкум щиІэ пщІэр кьІэтхьнымкІэ. Ди къэралым псоми яригъэлъэгъуащ геополитикэ Іуэхуэхэр зэблэгъэкІынымкІэ абы жиІэхэм щІэдэІун зэрыхуейр.

Путин Владимир иригъэкІуэкІа псалъэмакъым кьигъэльэгъуащ ар зэІуэхауэ икІи нехьэкІ-къехьэкІ хэмылъу дэтхэнэ зы Іуэхуми зэрыбгъэдыхьэр, нэхъ гу зылъытапхъэу щІыхуэхэм а махуэм кьалэтахэр гъэзэщІа зэрыхъунур», - кьыхигъэщащ Абдуллаев Мустэфа.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъууэ щыІэ унэхэм хьыхь псоми я зэхуэдэ мылькур кьызыхуэтынщу зэрагъэпэщыжьын папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зэхуэхьэс взносыр зыхуэдизыр гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м №949-ПП

Урысей Федерацэм ПсэупІэмкІэ и кодексым и 167-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм фэтэр куэд хъууэ щыІэ унэхэм хьыхь псоми я зэхуэдэ мылькур кьызыхуэтынщу зэгъэпэщыжьынир зэтегъэувэным и Іуэхукіэ» 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №62-Р3-м и 3-нэ статьям яткъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъууэ щыІэ унэхэм хьыхь псоми я зэхуэдэ мылькур капитальнэу зэгъэпэщыжьыным нэхъ мащІэ дыдэу хухах взносыр гъэувын 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупІэхэр кьызыхуэтынщэу щызэгъэпэщыжьынмкІэ федеральнэ мардэу «2013 - 2015 гъэхэм псэупІэмрэ коммуналнэ Іуэхутхьбзэхэмрэ я уасэмкІэ федеральнэ стандартхэм я Іуэхукіэ» 2013 гъэм мазаем и 21-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьыдигъэкІа Унафэ №146-м щыгъэувам хуэдизу - фэтэр куэд хъу унэм хиубыдэ метр зэбгрыкІэнатІэм мазэ кьэс соми 5,9-рэ хуэзэу.

2. Фэтэр куэд хъу унэхэм хиубыдэ псоми я зэхуэдэ мылькур кьызыхуэтынщэу зэгъэпэщыжьыным мы Унафэм и пункт 1-м икъ иткІэ нэхъ мащІэ дыдэу халъхьэм 2015, 2016 гъэхэм хагъэхьэунущ, ахъшэм кьыщІэкІым зэрыкІэрыхуэм тещІыхьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ АЛЪТУД Юрий

Мы гъэм и япэ мазищым «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м ток уасэу кьыхихым сом мелуани 111,5-кІэ хэхъуащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ льэкъэнэм елъытауэ процент 6,9-кІэ нэхъыбэщ.

• Энергетикэ

ШэсыпІэу къоув

«Къэббалъкъэнерго» ОАО-м и управляющэ унафэщІ Дохъушыкъуэ Аслъэн кьызэригъэлъэгъуамкІэ, ар и фІыгъщ республикэм и щІыналъэр электрокъаруКІэ къызэгъэпэщынымкІэ щэсыпІэу кьэуб общественэм и дбитор щІыхуэшхуэ унэщэсыпІэу кьэуб Іуэхущ Іапіэм токыр зыщэ и къудамэхэр зэуІуу зэрызэдэлажьэм. Къапщтэмэ, кьагъэсэбэпа токым хуэзэр и чэзум зымытхэм хэхауэ йопсалъэ, щІыхуэхэр суд Іэмалкіэ ирагъэпшныж.

- «Урысейм и сетхэр» компанием Іуэхутхьбзэхэр егъэфІэкІуэным тещІыхьа и программэм тетуу, Налшык кьыщызэІуаха центрхэр сэбэпышхуэ кьытхуохьу, - жиІэ Дохъушыкъуэ Аслъэн.

Арами, республикэр электрокъаруКІэ къызэгъэпэщынымкІэ щэсыпІэу кьэуб общественэм и дбитор щІыхуэшхуэ унэщэсыпІэу кьэуб Іуэхущ Іапіэм токыр зыщэ и къудамэхэр зэуІуу зэрызэдэлажьэм. Къапщтэмэ, кьагъэсэбэпа токым хуэзэр и чэзум зымытхэм хэхауэ йопсалъэ, щІыхуэхэр суд Іэмалкіэ ирагъэпшныж.

- «Урысейм и сетхэр» компанием Іуэхутхьбзэхэр егъэфІэкІуэным тещІыхьа и программэм тетуу, Налшык кьыщызэІуаха центрхэр сэбэпышхуэ кьытхуохьу, - жиІэ Дохъушыкъуэ Аслъэн.

Арами, республикэр электрокъаруКІэ къызэгъэпэщынымкІэ щэсыпІэу кьэуб общественэм и дбитор щІыхуэшхуэ унэщэсыпІэу кьэуб Іуэхущ Іапіэм токыр зыщэ и къудамэхэр зэуІуу зэрызэдэлажьэм. Къапщтэмэ, кьагъэсэбэпа токым хуэзэр и чэзум зымытхэм хэхауэ йопсалъэ, щІыхуэхэр суд Іэмалкіэ ирагъэпшныж.

-

ТОЛСТОЙ Лев

ХЬЭЖЫ-МУРАТ

Повесть

(КэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№66 - 67, 70, 71, 73 - 74, 75 - 76-хэм итщ).

ЯЩIЫБАГЪКIЭ къыдэлът гупым къызэринэкIа псы къабзэ цIыкIур, я гупэм къитт зыхуей хуэгъэза хадапкъэ хьэсэхэмрэ къуэбжьу щхъуантIэхэр зэпызыпущI хъуплэхэмрэ, адэкIэ нэхъ жьажьу - нэхъ зэщIэжIа бгы фIыцIэхэр, бгы фIыцIэхэм адэжкIэ къагъэу зызыIэт къырхэм я щIыбым сыт щыгъуи телъыджэ, сыт щыгъуи зи плъыфэр зыхъуэжь, налкъутым ещхьу лыд уэсыщхьэ къуршхэр щыплъагъурт.

Етхуанэр ротэм ипэ иту КIуэрт къэптал фIыцIэ зыщыгъ, зи хъурыфэ пыIэр фIыцIэ, сэпхуэр зыщIыхэдза офицер щхьэпэлъагэ зэкIуж Бутлер, иджыблагъэ гвардием къыхэкIыжар, гащIэм и IэфIри, къыпэщылъ Iуэхур зэрызэпсэзэпылъхьэпIэри, и пщэ къыдалъхъа къалэн лъапIэр щхьэкIэ пылъу итщэзэщIэн зэрыхуейри дэгъуэу зыхэзыщIэр. Бутлер иджы етIуанэу зауэм Iухьэурати, иригуфIэу егупсасарт иджыпсту абы къеуэн зэрыщIадзэнуми, и щхьэщыгум щхьэпрылъэт топышэм зэрызахуимыгъэщхьэнуми, шэм я фий макъыр къызэрыфIэмыIуэхунми, ящэм зэрищIам ещхьу и щхьэр нэхъ лъагэу иIэту и нитIым нэжэгужагъэр къыщIихыу и ныбжьэгъуэхэм зэрахэпIэнуми, мыхьэнэнщэ гуэр и гугъу ищIым щхьэбу абыхэм зэрепсэлъэнури, къыфIэIуэхуи щIэгузави щымыIэу.

Гупыр гъэугум текIри нартыху хьэсэхэм ящрыкI лъагъуэм текъыдэ, мэзым гъунэгъу хуэхъуа къудейуэ, къыздикIари къыздихуари ямыщIэу топышэр, шынагъуэу фийуэ кыыкъуэлъэтащ, гъуэгубгъу нартыху хьэсэм хэхуэри, щIым эрынэсу къуэщ.

- КъыщIадзэ! - нэфIэгуфIэу жреIэ Бутлер къыбгъурыту кIуэ ныбжьыгъум.

Пэж дыдэу топышэм иужь иту мэзым къыхэкIащ ныпхэр зыщхьащыт шэпшэн шууей гуп ин. Абы и курыкупсэм ныпцхъуантIэшхуэ щыхуарзэт. ЖьажьэрыплъанкIэ аэзыпрэманфельдфебель лIыжьыкIэ Бутлер набгъэм къыжреIэ ар езы Щамил дыдэм и ныпу къыщIэкIынкIэ хъуну. Шухэр щыгум къехри къуэбжьку нэхъ благъэ генерал цIыкIур Бутлер и ротэм къыбгъэдохьэри къыхэхуIуэ шуудэзэм и ижьырабгъумкIэ щыпэщIэуэзыну унафэ къыхуеIуэ. Бутлер и ротэр а унафэм тету иришэжьат, ауэ къуэм дыхьэным хунэмысу, и щIыбкIэ тIэунейрэ топ къыщIуащ. КъызоплъэкIри - топитIым я деж зыкъыщызыIэт пшэ IэмбатэщIыкIуитIыр хуэмурэ къуэ бжьэпэм докIуэкI. Топ къахэуэну пэмыплъа шуеиГхэр ЮкIуэтыж. Бутлер и ротэр бгырыкIуэтыжхэм кIэлъэуэ, щIы Iэпсыр гын Iугъуэм зэщIещтэ. ЩIыIэпсым ущхьэпрыплъмэ, уолъагъу къызэуэкIыурэ бгырысхэр зэрикIуэтыр. Урысыдэзр бгырысхэм якIэлъокIуэ, етIуанэ къуэбжьъум щыджкIым къуажэр къалъагъу.

Бутлер и ротэр къэзакъэм яужь иту жэрыжкIэ къуажэм долъэдэ. Абы щIыху дэсыжтэкъым. Сэлэтхэм унафэ яIэт ерыскъыпхъэхэри, мэкъури, унэ дыдэхэри ягъэсыну. Къуажэр зэщIищтат нэр щIэзысыкI Iугъуэ ткIыбжьым, сэлэтхэр зэхэзеуэрт къалэрыхьэр унэхэм къыщIалъэфу, бгырысхэм здыдамыша джэдхэр къаубыдыкрт, къауКIырт. Офицерхэр Iугъуэ здэщымыIэ Iэныкъэм щотIысэх.

Фельдфебелым абыхэм пхъэбгъу кIапэм телъу къахуехь фо хьакIуэ. ПIэшэнхэм Iэуэльауэ яIэкIым. Шэджагъуэ нэужьым ягъэзэжьну унафэ ящI. Ротэхэр къуажэбгъэм щоувкI сатыр-сатыру, Бутлер и ротэм иужь йоувэ. Дзэр гъуэгу зэрытехьэжу, щэшэнхэр къыкъуокIыж, гупым къахэуэурэ къакIэлъокIуатэ.

Дзэ пакIэр губгъуэм щихьэжым, бгырысхэр бзэхыжащ. Бутлер и цIыху уIэгъэ хъуатэкъыми, гукъыдэжышхуэ иIэт. НэщхъыфIагъэр къебжьIыу кIуэжырт.

Псы тепхъэмкIэ къыззпаупщIауэ щыта псы цIыкIум къикIыжри гупыр нартыхупкъэм, мэкъупIэхэм иужьгащ, уэрэд къыхэзыдзэхэр ротэхэм ящэ иувэри, уэрэдым зиIэтащ. Жьы къепщэртэкъым, хьэуар щIыIэтыIэт, къабзэт, апхуэдизкIэ уцыззкIэщIэплъэрти, верстищэкIэ ппэмыжьыжьэ къурш щхьэгухухэр гъунэгъуб6зэу къыббгъэдэт къыпфIэщIырт, уэрэдыр щызэпыукIэ, зы мардэм тету теуэ лъэмакъыр уэрэдым дежьуэм ещхьт. Бутлер и етхуанэ ротэм жиIэ уэрэдыр полкым и щIыхьыр иIэту конкерым итхащ «Ара Iуэхур, ара Iуэхур, зауэлI хъыжьэ» хэтIэхэсэ макъамэм щIэту.

Бутлер и унафэщI нэхъ благъэ, зи гъусэу псэу майор Петров бгъурыту шууэ къжIуэкIырт икIи гвардием къыхжIыу Кавказым къызэрыкIуам иригуфIэныр хуэхъырт жьам. Гвардием къыхжIыжьыным нэхъыщхьэу щхьэусыгъуэ хуэхъуар Бытырбыху щыдэсам куэзыр джэгуным дихьэхыу къыхуэнэ щымыIэжу бгъэдэлъ псори зэрыригъэхьэхуарт. Къалащхьэм кыыджкIын мыхъумэ, нэгъуэщI хэкIыпIи иIэжтэкъым. Ар иришынэрт, гвардием къыхэнэмэ, куэзыр мыджагъи зэрыхуэзэфIэмыкIынум, зэрыджагъи къыхуэнатжкъым, псори иригъэхьат. Иджы а псоми кIэ яIэщ. Иджы Iуэхур шыгъэкIыпIи ешхьэкIыпIи ешхьэкIыпIи гъащIэ хъуащ. Абы щыгъупщэжат и лъапсэм псы зэрыригъэжьхыьжьари, хуэмыпшыну къытена щIыхуэхэри. Кавказыр, зауэр, сэлэтхэр, офицерхэр, сыт щыгъуи чэф хъыжьэ, хьэлэл икIи етIуэжауэ хахуэ майор Петров - а псор абы апхуэдизкIэ фIэтелъыджэщи, Бытырбыху дэмысыжу, куэзыр джэгум хьэрэм щимышхыу, тутын Iугъуэм игъэфIэIуа пэшым куэзыр щимыгъушу, мы хэку телъыджэм, ныбжьыгъу хахуэхэм яхэту щыпсэууэ езы дыдэм и фIэщ хъужьыркъым.

«Ара Iуэхур, ара Iуэхур, зауэлI хъыжьэ» - уэрэдыр къраш и сэлэтхэм. Ишри а макъамэм нэжэгужэу добакъуэ. Ротэм я хьэ хъуащэ гъуабжэр, Трезоркэ, къалэныштхуэ игъэзащIэм ещхьу, и кIэр щIэгъэкIэрэзауэ Iэтауэ сэлэтхэм ипэ иту мажэ. Бутлер и псэр мамырщ, нэщхъыфIэщ. Зауэр абы къызэрыщыхъыр псэзэпылъхьэпIэ щыхэхуэ Iуэху щынагъуэми, абы зэрыхэт къудейм папщIэ дамыгъэ лъапIэхэр езыми мыбы щигъуэта КIуэгъуэжгъухэмэ къыщIратын, и руес ныбжьыгъуэхэм щIыхь къахуэзыхьын Iуэху къудейуэт. Зауэм адрей и нэкIубгъур: лIэныгъэр, сэлэтхэм, офицерхэм, бгырысхэм я уIэгъэхэр, гъэпIэгъэныкъэ, абы и нэгу къыщIыхьэххэр тэкъым. Хэхауэ абы емыгупсысми, и Iуэху еплъыкIэр имыхъуэжьын щхьэкIэ, ар зэи яхуеплъэкIыххэртэжьым укIыгъэхэмрэ уIэгъэхэмрэ. Ноби арат: щы къаукIат, пщыкIутIыр уIэгъэт. Ауэ ар щIыбкIэ тельхьэдэм блэкIащ, щэхум ещхьабы и IитIми и щхьэм телъудын плъыжьыфэ-фIыцIафэми къэувыIэу емыплъу, нэбгрыкIэ хущIэплъа мыхъумэ. Бгырыс-хэри къызэрилытэр зызыщIэнхъумэн хуей шууей хъыжьэ къудейуэт.

- Мис араш, си дотэ, - жиIэрт майор Петров, уэрэдыр щызэпыукIэ. - Уи Бытырбыху хуэдэкъым ди Iуэхур: сэмэгумкIэ захуэу, ижьымкIэ захуэу финувкI жьыпIэу бгъасэу. Мис дылэжьащи, ди унэ докIуэж. Машуркэ дэлэн IэфIи хьэнтхъупсифIи къытхутригъэувэнщ. Араш гъащIэ хъужьир! ИIэт, «Нэхур мэщыр» уэрэдыр къыхэвдэзэт, - фIыуэ ильагъу уэрэдыр жаIэну унафэ ещI.

Майорым фельдшерым и пхъэр игъэфызт, япэщIыкIэ Машкэ ищIащ, итIанэ Марье Дмитриевнэ хъуащ. Марье Дмитриевнэр - ар езыр зи нэкIум уэгу хэпхъа, ильэс тIощIрэ пщIым и сабиниш щIыхуб3 дахэт. И гъащIэр дауэрэ хъармыхьэкIами, ар иджы майорым хуэпэж щхьэгъуэт, дэгъэзэм хуэдэу эзрихьэрт, и акъылыр фIэжIуэдыху жыхуаIэм ещхьу хуэдэр ефэ езы майорыр зыхуеихэри арат.

БыдапIэм къагъэзэжа нэужь, майорым и псалъэр нахуэ хъуащ Марье Дмитриевнэ илIми, Бутлери, къыздаша нэгъуэщI офицеритIми щэджагъуашхэ IэфI, къэуат зыщIэлъ яригъэщIащ. Майорыр апхуэдизкIэ нэхъуеиншэу шхат икIи ефати, мыпсэлъэжьыфу гуэрыкIэ. Бутлери ешауэ, ауэ арэзыуэ, чыфыр тIэкIу лейуэ ирифауи, и пэшым кIуэжащ, ерагъкIэ зэрызитIэщIыжу, и щхьэ дахэм и Iэгур щIидзри щIыIыхьэпIи къэуи зымыщIэ жей Iувым хилъэфащ.

XVII

ЗЭТРАГЪЭСХЬАР Хьэжьы-Мурат урысхэм заритын и пэ кхиуэу нэху къыщцкIа къуажэрат.

Хьэжьы-Мурат зэкIуэлIа Садо, урысхэр къуажэм къыщыбгъэдыхьэм, и унагъуэр кищтэри къуршым ихьэжат. Къуажэм къыщигъэзэжам Садо и унэм хьэбэсабэ къыхраргъэхъуэ кърихьэлIэжащ: унащхьэр къиуэжат, и бжи пкъои ягъэсат, и кIуэцIри зэтрауцIэпIат. И къуэр, нэ къилыдыкIэкмкIэ гуэхэхъуэу Хьэжьы-Мурат еплъа щIалэщIэр, щIакIуэ зытетпхуэа шым телъу хьэдэу мэжджытым къахьыжат. Абы и щIыбым мыжурэкIэ къеплъыжат. Хьэжьы-Мурат къэзыгъэхьэщIа щIыхуб3 щэныфIэр иджы и къуэм щхьэщыттт щхьэбапхъэу, джанэ зэфIэтхъам фызыжьыбгъэ лалэхэр къыхэщу, и нэкIур IэбжьанэкIэ ифыщIыжу увыIэгъуэ имыIэу гъуэгуы. Садо киркэрэ белрэ къищтэри кхъэм мащэтI кIуащ. ИлъыкIыр унэ къисхэхэжам и бльным кIэрыст баш инуси, ильагъуи зэхихму щымыIэу. Ари бжьаIуэм къикIыжа къудейт. Абы щызэтрилъхьа мэкъу IэтитIри, иЛъыжьым хисэу къигъэкIа хуэрыджэ, балией щIыкIуэхри паупщIри ягъэсыжат, псом нэмыщIыжу, зэтрахъутэри бжьэр дэкIуэу матэхэр зэтрагъэсхьат. ЦIыхубзхэм я къугъ макъ пщIантIэ къэси, хьэбла зэхуэсыпIэхэу хьэдитI къыздрашэлIэжами къоIукI. Сабий щIыкIуэхэми анэхэм я гъусэу заалIэж. Мэкъумыла зимыIэж IэщIыр зэщIоГъуагъэ. Сабий нэхъ пажэхэм джэгун я Iуэхужьхым, я нэм шынэ къыщIэщу нэхъыжьхэм яхудоплъей.

Псы къижьпIэр псыунэ ящIащ, псы къыщрамыгъэхъэуэфын папщIэу къыщIэжIынщ. Псыунэ ящIащ мэжджытри. Мозаэмрэ мутIалимхэмрэ ар къагъэкъэбзэж.

Къуажэ лIыжьхэр жэмыхьэт зэхуэсыпIэм хьэмбыIуу щызэхэтIысхьауэ я Iуэху зэрыхъунум топсэльыхь. Урысым хуалэ лъагъумыхъунигъэм и инагъым и гугъу зыми ищIыркъым. ШэшэнхэмI, сабийм деж къыщыщIэдзауэ балигъэжам деж нэсу, ягъэя гурыщIэр лъагъумыхъунигъэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ куут. Ар лъагъумыхъунигъэтэкъым, атIэ къызэрыбгурыIуэн лъэпкъ щымыIэ апхуэдиз гущIэгъуншагъэ зыхэлъ мы урысыхьэхэр щIыхуу къызэрамылъытэмрэ ахэр дзыгъэшхуэм, щхъухьэхьэ бэджэм, дыгъужьхъэм хуэдэу зэтраукIэи зэрыхуейм теухуа гурыщIэт езыхэм зыкъыгъэлъын папщIэ. Къуажэдэсхэм яIэр хэкIыпIитIт: я лъапсэ кхинэжу, апхуэдизу гугъуехь хэлъу зэрагъэпэщащэ апхуэдизу акъылыншэу икIи тыншу зэтракъутахэр гугъуехьищэр ятелъу зэрагъэпэщыжьын, къытрагъаазэу ардыдэр къращIэнкIэ хъун пэтми е, динми хабзэхэми къызэремызэгъым емыплъу, урысхэм хуалэ гущыкIым, нэмыплъым ебакъуэу я бжьым щIэувэн.

ЛIыжьхэм нэмэз ящIри зэхуэаразэныу унафэ къащтащ къадэIэпыкъуну елъэIуну ЛIыкIуэ Щамил хуагъэкIуэну, зэтракъутахэр зэгъэпэщыжьынпIалъэ къыхамыгъэкIыу иужь ихьахэщ.

XVIII

ТЕУЭМ къыщикIыжам и ещанэ махуэм и пщдэджьжьым, Бутлер нэхъ пасэу шыгъуэгубжэмкIэ щIэжIри уэрэмым техьащ хабзэ хуэхъуауэ Петров дриф пщэдджьыжь шеймэ и пэ кхиуэу жьы къабзэкIэ бауэн и мураду. Дыгъэр къурмыгъэ щIэкIуэ дзэхат, ара къгъэнэху сэху зэта чыбжэгъу унэ хуэжьцIыкIуГъуэгуэм и жьыгъабгъумкIэ къытетхэр лыдхэрти нэр зрагъэпльыртэкъым, ауэ сыт щыгъуи хуэдэу, гуапэщ, псэ гъэтынщIэ сэмэгурабгъумкIэ къыщцпльагъу мэзым иуфэбгъуауэ зыр адрейм и щIыбым къыдэт джабэхэр, ауэм кыдэ, сэшхуэр сыдж тхьэхуэхуэ пшэ Iэтэу зыкъыпфIэзыгъэщIыну хэтхэу нэр пIэпыцыхьхэр.

Бутлер а бгыхэм епльырт, и бгъэм щызу бауэу, щыгуфIыкIырт зэрыпсэуэм, езыр мы дуней телъыджэм зэрытетым. Ар мымащIэу иригуфIэрт теуэм лIы хуэдэу зэрызыкъщигъэлъагъуам, щебгъэрыкIуэхэмэ, псом хуэмыдэу къыщикIуэтыжхэкIэ кхъхуа зэхэуэ гуащIэм щыгъуэу игу зэрыфIэмыкIуэдам, зекIуэ къыщикIыжам Машэ е Марье Дмитриевнэ, Петров и щIасэм, къыщигъэхьащIэм еблэзгъа псоми гуапэу къаззэрыхуащытам, псом хуэмыдэжу есым къызэрыхуэфIэрэфIам. Зи щхьэц ухуэнаитIыр едзыха, плIабгъуэ, бгъэ лъагэ, угъурластъэ зи нэгу уэгушам къыщI. Марье Дмитриевнэ къэмышэ щIалэ IэчIъэч Бутлерыр игу ирихьырт. Езыри кхъхуэягуэдзакъэншэ хуэдэтэкъым. Ауэ и ныбжьэгъу жьIэ-зыфIэщ угъурлым апхуэдэ ирищIэныр хьэдэгъуэдахэу къилъытэрти, Марье Дмитриевнэ кхъэзэрыгуэкI ныбжьэгъуу хущытт, щIэ хуищIу, абы ныкъхаIащ и Iуэхуэ хуэарэзыжьу. Ноби хабзэ кхъэзэрыльхъуэкIам папщIэ. Арат ар щхьэпсту зэгупсысыр.

Абы и гупсысэхэр кхъэзэпиудащ шы гупышхуэ гъуэгу сабэм кърижжэм ещхьу шыльэмакъ зэхихам. И щхьэр къиIэтрэ пльэмэ, кхельаъгу уэрамым и кIэмкIэ къикIыу кхыхуэжIуэ шууей гупыр. Кхъэзакъ шуеиплI хуэизимным ипэ шуеиитI итти, шым адыгэ цей хужь щыгът, и хъурыфэ пыIэ лъагэм сарыкъ кхешэкIар зытесыр шы пщIэгъэпэлъ дахэкIейт, щхьэ цIыкIум е ежIуэр яз дахи иIэу; офицерым и шыр кхэрэбах зэщIэкхъуат. Шы фIыуэ зылъагъу Бутлер занщIэу кхыгурыIуэщ ипэр зэрышылъэщыр икIи кхъэувыIащ ахэр зи хэтыр зригъэщIэну. Офицерыр абы кхъеупщIащ и щIопщыр Иван Матвеевич и унэмкIэ ишийуэрэ.

- Мыр тхьэмадэм и унэра? - и псэльэкIэм кхиIуатэрт ар зэрымыурысыр.

- Ардыдэрщ, - ет Бутлер жэуап.

- Мори хэт? - щIоупщIэ Бутлер, офицерым нэхъ гъунэгъуу бгъэдыхьэурэ, сарыкъ зезыхьэм дежкIэ и нэхэр ищIурэ.

- Хьэжьы-Муратщ. ЗауэлI тхьэмадэм деж щыхьэщIэнущ, - бзэ ныкъуэм къет жэуап.

Бутлер Хьэжьы-Мурат и хьыбар зэхихат, зэрызыкъитами щыгъуаззэт, ауэ иту къэжIынтэкъым мыбдежьм, быдапIэ щIыкIум, ар щильагъуну.

Хьэжьы-Мурати хамэгу-хамащхьэ хэмыльу абы къеплъырт.

- ФIэхъус, кошкольды, - тэтэр сэлам хыкIэ зэригъэщIамкIэ фIэхъыс ирихащ.

- Саубул, - жэуап къритыжащ Хьэжьы-Мурат и щхьэр кIэрыщIат. Ар Бутлер къыбгъэдыхьащ, щIопщыр зыфIэдза Iэнъуэамбиты Iыр къыдэкIуэжI Iэр кIышишу.

- Нэхъыщхьэр уэра? - кхоупщI.

- Хьэуэ. Нэхъыщхьэр мобы щIэсщ, сыкIуэнщи къездэжнщ, - жреIэ офицерым, бжэр Iуихыну йоIэ.

АрщхьэкIэ «хьэщIэщ щIыхьэбжэр», Марье Дмитриевнэ апхуэдэу зэджэр, гъэбыдат. Бутлер тоуIуэ, ауэ щимыгъуэткIэ, унэм и хъурея гъыр къекIуэхри шыгъуэгубжэмкIэ щIохьэ. И денщикым йоджэ, языхэзым и макъ къыщымыIукIэ, пщэфIапIэм еунэтI. ЩхьэфIэпхыкIыр къешэкIарэ зэпыи хуэдэу къызэщIэнауэ, дэлэн ищIыну цIыкIу-цIыкIуу зэгпиупщI тхъэвым ещхьу хужь и Iэблэшхуитхыр къыщIэщу, и Iэпщхьэхэр дэгъэджэрэзауэ Марье Дмитриевнэ пщафIэрт.

- Дэнэ щыбзэха денщикхэр?

- ЕфакIуэ кIуаХэщ, - къет жэуап Марье Дмитриевнэ. - Сыт зэрыпщIынур?

- Бжэр Iухын хуейщ. Бжэ-Iупэм бгырыс гупышхуэ щызоуэ. Хьэжьы-Мурат къжIуащ.

- НэгъуэщI сыт къэбгупсысын? - жеIэ Марье Дмитриевнэ къыхупыгуфIыкIыуэр.

- Сэ сыгушIэркъым. Пэжщ. КъыщIыхьэпIэ дыдэм дже щытщ.

- Пэж дыдэу пIэрэ? - и фIэщ хъуркъым Марье Дмитриевнэ.

- Сыт щIы щIыпхуэзэуспынур? Уи фIэщ мыхъумэ, кIуэи епльъ.

- Хьуат ар Iуэху, - жиIэурэ Марье Дмитриевнэ и Iэщхьэкъэр къерегъаджэрэзэхьыж,и щхьэцыр зэпелъэщIыхь. - НтIэ, сыкIуэнщи, Иван Матвеевич кхъэгъэушынщ.

- Хьэуэ, сэ сыкIуэнщ. Уэ, Бондаренкэ, бжэр Iух, - жеIэ Бутлер.

- Ари тэмэмщ, - жеIэ Марье Дмитриевнэ, и лэжьыгъэм иужь йохьэж.

Хьэжьы-Мурат къызэрыхуепсыхар Иван Матвеевич зыкIи игъэщIэгъуакъым, Хьэжьы-Мурат Гроэнэм къызэрыкIуар зэхихати. ЗыкъыIэтщ, тутын ишыхьщ, пигъанэри абы здефэм зихуэпэн щIидзащ, ину псчэуIуу, мы «емынэр» хьэкъуэзыгъэжIуа и унафэщIым хуэхъуащIэу. Арати, зехуапэм хущхъуэ кхыхуихыну денщикым щIокIие. Денщикым ищIэрт хущхъуэр зищIысри, аркъэ кхыхуергъахъэрэри кърет.

- ЗэхэпкIэным нэхъ Iей щIыкIэкым, - мэгъуэмэтIымэ ефэу щIакхъуэ фIыцIэ зыдтригъэныщкIухьыжьым. - Дыгъэпэшыхь чыфыр хэскIащи, си щхьэр мэуэ. Иджы сыхьэзырщ, - жеIэри, ешэ. - Марье Дмитриевнэ, - ар абы щIыгъу офицерымрэ зыщIишэ пэшымкIэ макIуэ.

Хьэжьы-Мурат и гъуэ офицерым Иван Матвеевич хуеIуэтэж флангэ сэмэгурабгъум и унафэщIым кхъжриIар: тIасхъэщIэхъхэр и дэлэну, бгырыс-хэм яхуэзэну хуит фщIы, ауэ быдапIэм дэвмыгъэкI хъэзакъ хъумакIуэ щIымыгъу.

ТхылъкIэ къагъэхьам Иван Матвеевич къуджэри Хьэжьы-Мурат гупсэхуу Iуроплъихь, аргуэру тхылъкIэ Марье Дмитриевнэ едж, аргуэру Хьэжьы-Мурат жьэхоплъыхь. Апхуэдэу зыбжанэрэ ищIа неужь, и нитIыр Хьэжьы-Мурат треубыдэри:

- Якъши, бек-якъши. Ирепсэу. ЖеIэ абы дэбгъэкI мыхъуну унафэзэщIыр. Ноби щхьэм щхьэ морэ зытебзи джэдыгу, и щIампIэмрэ Iэгъуапэмрэ хъурыфэр къыдэгъэзэуэ фэ уагъэ псыгъуэ къедэкIауэ, ибг псыгъуэ кIыхьым щIэлъ бгырыпх фIыцIэм къамэ ищIат. Хъурыфэ пыIэ лъагэт, и щыгур захуэрэ шопс плъыжь къелэхыу, и пщэм къытеуэу сарыкъ хужь ешыхьэкIат. Мест удыфIэтI, къызэрыгуэкI лъэрыпскIэ щIэпхэжа лъей фIыцIитI лъыгът.

ЖыпIэнурамэ, Iимамым дыщэ е дыжьын хуэдэ щIуугъэнэ гуэр кIэрылтэкъым, ауэ абы и Iэпкълъэпкъ лъагэр, захуэр, щыгъын гъэщIэрэщIа гуэр зыкIэрымылъыр зи фащи Iэщи дыщэрэ дыжьыну зэщIэлыдэ мурадхэм халъэгъуа нэужь, ар щIыхухуэу, уардэу щIыхуфэм ягу кIинэрт. Арат ар зыхуеиххэри, апхуэдэу закъыщигъэхуни лъэкIырт. ЖьакIагъуэ щIэщам кхъхэщырт нэгу фагъуэр, сыт щыгъуи щIиукъуанцIэ нэ щIыкIуитIыр мыкъ ещхьу мыхъейуэ жат. Къуажэ уэрамым здрикIуэм щIыхунэ минхэр кхъэзэрызэтрауадыдэр абы зыхищIэрт, ауэ езыр зыми епльыртэкъым. Унэм щIэс псоми хуэдэу, Iимамым и фызхэри я сабийхэри я гъусэу пырхъуэм кхытехьат, Iимамыр кхыщыдыхьэжкIэ IупIэну. ПатIимэт фызыжьым - Хьэжьы-Мурат и анэм - и закъуэщ унэм кхъщIэмкIар, и щхьэц тхъуа зэхэпщIыхьахэр кхелэлэхму ар унэ лъэгум ист и Iэ кIыхьхэмкIэ и лъагэужь гъурхэр игубыдыжауэ, мафIэ кхъзыщIих нэ фIыцIэ мыупIэрапIэхэр жьагум щыужьыхьыж дэпхэм ятриубыдауэ. И къуэми ещхьу, абыи Щамил ильагъу мыхъуу кхъкIуэкI, иджы а гужьхъэжьыр нэхъ гуащIэж хъуащ.

(КIэлъыкIуэр 4-нэ нап.).

Хьэжьы-Мурат

ТОЛСТОЙ Лев

ХЬЭЖЫ-МУРАТ

Повесть

(КІэлъыкІуэр)

Щамил хьэт-уиту къызэрыдыхьэжыр илъэгъуакъым Хьэжы-Мурат и къуэми. Бамэр къызрих хьэпсым здисым, абы зэхихырт фоч уэ макъхэри зэчыр жаІэхэри икІи зи къару илъыгъуэ, зи щІалэгъуэм фІэкІа нэгъуэщІым и фэм дэмыхуэн гурыгъу хьэлъэр игъэвырт. Елым хуэдэу насыпыншэ, зэхэуфІея, кварууншэ хьэ, нэхъыбэми зэтеплъэ мыхъуу хьэпс бамеи къыдисхэм фІэкІа нэгъуэщІхэм я нэгу имыплъэф щІалэр гукІи псэкІи ехъуапсэрт хуиту бауэ, хуиту плъэ, зи щхьэ зуиж щызыгъатхъуэ, «Ла Іиллахьэ Іилэлахь» зэчыр жьызІэхэзм.

Къуэжьэм ирикІуэри, Щамил и щІыхубзхэм я псэупІэм къыпыт пщІантІэшхуэм дыхьащ. Япэ пщІантІэм и куэбжэ Іухам деж ІэщэкІэ зэщІэуэзэда лезгинитІ абы къыщыІуощІэ. ПщІантІэм цІыхур дэзщ. Абыхэм яхэтт щІыпІэ жьжьыхэхэм Іуэхуэкі эжьыкІэри лъэІуакІуэхэри, яхэтт езы Щамил кириджан, я хьэкумыр ищІэн, унафэ ятрищІыхьын папщІэ. Щамил зэрыдыхьэжу псори кьотэдж, я Іэр я бгъэм тельу фІэхъус кърах. Язынькъуэхэр кьызэфІэмыувэу, я лъэгуажьэ игъэуауэ щытщ Щамил зы куэбжэмкІэ дэкІыу адрей пщІантІэм узышэ куэбжэм дыхьэху. Щамил гуемыІу зыхуиІэ цІыхуи, зыдагъэІэпыкъун щхьэкІэ лъэІуакІуэ къакІуэуурэ и щхьэр езыгъэужэгъуа зыкъоми кьицІыхужьа пэтми, мывэм хуэдэу жа абы и нэгум гурыщІэ гуэри кьищакъым, пщІантІэм дыхьэщ, сэмэгумкІэ игъэшри, и унэм къыпыт пырхъуэм деж кьыщыувыІащ.

Къару куэд Іызыха зекІуэм, гугъуехь мыхъуу гурыщІэ Іэджэ щигъэва зекІуэм, ар щытекІуауэ нахуэу псоми жаІэ пэтми, абы езым фІыуэ ищІэрт шэпшэн къуажэ куэд зэрахъунщІар, зэрагъэсар, жьІэзыфІэщ, псынщІэуурэ зи Іуэху еплъыкІэр зыхъуэж шэпшэн щхьэпсхэр, гуитІ-щхьтІхэр, абыхэм ящыщу урысхэм нэхъ я пэтъунэгъуу щысхэр, абыхэм я ужьуэгъу хъуну зэрыхьэзырыр - а псор хэлъэт, апхуэдэ къэмыхъун щхьэкІэ зыгуэр икІэщІыпІэкІэ щІэн хуейт, ауэ мы дакъикъэм Щамил а псом егупсысыну хуейтэкъым. Иджыпсту ар зыхуейр зы закъуэт: зигъэпсэхуныкрт, и фызхэм ящыщу нэхъыфІ дыдэу ильэгъу ильэс ищыкІуийм ит Іэминат нэ фІыщІэм и гуапагъэт.

Ауэ Іэминат Іупльэмыш зэкІэ егупсысыхэ хъунукъыми, ар цІыхухъухэмрэ цІыхубзхэмрэ я псэупІэхэр зэпызыхукІ блыным адэкІэ къыщыпІэплъэ пэтми (Щамил хьэкъыу ищІэрт иджыпсту щепсыхьи щыгъуэ адрей и фызхэми я гъусэу Іэминат бжьыкъ дазэм ІкІуэтыжьыр). Ауэ абы деж кІуэ мыхъун дэнэ къэна, кьауц уэнщэкум зыщиукъуэдийуэ зигъэпсэхуну Іэмал иІэтэкъым. Псом япэрауэ, щэджагъуэ нэмэзыр ищІын хуейц, абы гукъыдэж лъэпкъ хуимыІэ пэми, ауэ лъэпкъым и дин унафэщІым нэмэз блигъэкІ ищІа зыпІ - ягъэ къэна, махуэ къэс шхэн зэрыхуейм ещхьыркъабзэу, нэмэз ищІынри Іэмальмышэщ. Андез ищтэри нэмэз ищІащ. Нэмэз нэужьым кьыпэплъэхэр кьриджащ.

Псом япэу къыщІыхьащ и щыкъу икІи и Іустаз Джемал-Эдин - зи нэкІу тхъуэплъым уэсым хуэдэу хужьу жьакІэр къытелидыкІ лЫжь угъурлыфэр. Тхъэм фІыщІэ хуеелІри, ар щІоупщІэ зекІуэр зэрекІуэкІам, итІанэ Іимамыр къэтхуу, лъахэм къыщыхъуахэм топсэлъыхь.

Къэхъуа-къэщІахэм ящыщт лъыщІэжу лЫ зэрауКІар, Іэщ зэрадыгъуар, тарикъэтым и хабзэхэр зымыгъэащІэ зэраубыдар - тутынафэ, фадафэ хуэдэхэр. Джамал-Эдин хъыбар кьрегъащІэ Хьэжы-Мурат цІыху къызэригъэкІуар, и унагъуэр ядыгъуу урысхэм деж яригъэшэну, арщхьакІэ ар къащІэу а унагъуэр Веденэ къашауэ къэрэгъулкІэ зэрахъумэр, Щамил и унафэм пагъапльэу. А Іуэхуэхэм тепсэлъыхьын папщІэ зыкъыщІым лЫжьхэр щызэхуащІсащ, Джемал-Эдин Щамил йолъэІу япэ щІыкІэ лЫжьхэм яхуэзэну, ахэр махуищ хъуауэ къыполъэ.

Дахагъэ зыбгъэдэмылъ, фІыуи имылъагъу и фыз нэхъыжь Зайдет, тф цІуэр къамылыфэм, кІыхьа шхыным хэІэба нэужь, Щамил хьэщІэщым кІуащ.

Абы и чэнджэщагъу лЫжьих хэти жьакІэхуу, хэти жьакІагъэуу, хэт и пылЭ лагъэм сарыкъ къешэкІауэ, хэти къемышэкІауэ, къэптал, адыгэ цей щІэрыпс ящыгъэ зи бгым къамэ илъхэр, къызэфІэуващ. Щамил абыхэм нэхъыпэ зыкъомкІэ нэхъ щхьэпэльагэт. Щамил ещхьу абыхэм я Іэгур дэгъэзеяуэ я Іэ къаІэтащ фІэхъусу, я напІэ едзыхауэ тхъэ елъэІуэри, я пащІэ-жьакІэ зэпалъэщІыхьжащ. Щаухым, щхьэнтэ нэхъ лъагэ зыщІэдза Щамил и хъуреягъкІэ щетІысэхащ икІи щІадзащ Іуэхуэхэм хэпІъэн.

Іуэхуэхэр шэрихьэтым тету зэпкърахащ: зэрыдыгъуам папщІэ ІУм я Іэр, цІыху зэриуклам щхьэкІэ зым и щхьэр папущІыну унафэ ящІащ, щыр яухеящ. ИтІанэ Іуэху нэхъыщхьэм нэсащ: шэпэнхэр урысхэм ягуэмыхьэн папщІэ сыт щІэн хуейр? Ягуэмыхьэну къыхуриджэу Джемал-Эдин шэпэнхэм зэрызыхуагъаззэу зэхилъхьа тхылъым щыгъуазэ заущІащ:

«Азаалыхьу лъапІэуэрэ лъэщым и нэф! зыщыхуэнхэ! Зэхэсхащ сэ урысхэр къыВдэхащІэу, фи щхьэр яхуэвгъэщхьыну фыкъытрагъэхьэу. Фи фІэщ фымыщІ абыхэм жаІэр, зыхуэвгъэшэч. Абы и фІыгъуэр мы дунейм щывмылъагъуми, адрей дунейм къыщифъысыщыІ. Фигу къэгъэхІыжьыт нэхъ пасэм, 1840 гъэм, Іэщэр щыватэгъэтІылъам къэхъуар. Абы щыгъуэ си псалъэ фыкьемыдэІуамэ, иджы фэ фысэлэтынт, кьамэм и пІэкІэ мыжурэ фІыгъэу, фи фызхэм гъуэнщэдж быхъухэр ящыгъыу къыхуадэнтэкъым, напэтех къыкІэлъыІэрахьэнт. КъэкІуэнур блэкІам тефщІыхь. Урысым фрибийуэ фылІэм нэхъыфІщ, джаур фыхъу нэхъра. Зыигъэбзашэ, сэ КъурІэнымрэ сэпхуэмрэ сІэщІэлъу сынэкІуэнщи, урысхэм я бийуэ фесшэжьэнщ. Иджы ткІийуэ нывжьыоІэ: урысхэм фагуэхэн гугъэ гуэр фымыщІын дэнэ къэна, ар фигу къэвмыгъэкІыххэ».

Шэпэнхэмзэрызыхуагъаэзэр Щамил игу ирихьащ, Іэтридзэрри зэбграгъэхьыну унафэ ищІащ.

Абы иужькІэ Хьэжы-Мурат и Іуэхуэм хэпІъэн щІадзэ. Ар Щамил дежкІэ икъукІэ Іуэхуэшхуэт. Зиумысыжьну хуэмей пэтми, абы ищІэрт апхуэдиз зи хахуагъ, лЫгъэ зыхэлъ, зауэлІ ІэкъуэлъакІуэ Хьэжы-Мурат къыдэщІыгъуажамэ, иджы Щэшэным кьыщыхъуар сымыщынуну, зэрыхэм ядэІэпыкъуныр къэбгъэхъункІэ Іэмал зимыІэщ. Абы кьыхэкІыу е цІыху гъэкІуауэ а здэщыІэм, е къэшэжауэ мы быы щыукІын хуейщ. Ар кьызэрохъулІэн Іэмалау щыІэр зыпІ - унагъэурэщ, псом япэу и къуэрщ, Щамил фІыуэ ещІэ абы и къуэрэ егъэлеяуэ фІыщэу зэрилъагъур. Абы кьыхэкІыуи и къуэр къэгъэсэбэпын хуейщ.

Чэнджэщагъэхэм жаІэнур жаІа нэужь, Щамил щыму и нэхэр зэтрепІэ.

Чэнджэщэгъухэм ящІэрт иджыпсту ар бегъымбарыи и псалъэ зэредаІуэр, ищІэн хуейр абы кьыззэрыжриІэр. Дакъикытху хуэдизкІэ апхуэдэу щосри, Щамил и нэхэр кьызэтрех икІи нэхъ иныжу щИикъуанцІэуурэ жеІэ:

- Хьэжы-Мурат и къуэр кьысхуеВдэжэ.

-КъедджакІэщ, - жеІэ Джемал-Эдин.

Пэж дыдэу Хьэжы-Мурат и къуэ Юсуф бэлэбанэу, бамэ кьыкІэрихьыу, ауэ иджыри Іэпкъльэпкъкі нэкІукІи зи дахагъ зыфІэмыкІуэда, и анэшхуэ ПатИмэт ещхьу нэ фІыщІэ лыдитІ зиІэ щІалэр бжэм адэкІэ кьыщытт кьыщеджэнум пэплъэу.

Юсуф Хьэжы-Мурат Щамил хуиІэ гуэгъэзэжьэ диІыгтэкъым, ищІэртэкъым къэхъуа псор, ищІапэми, зэ кьызэгуэпри щыгъупщэжат икІи кьыгурІуэртэкъым и адэм апхуэдизу ерыщу Щамил щІигъэбийр. Нэйбым и кьуэр щхьэхуиту Хунзах зэрыщыпсэуа гъащІэм тету зи дунейр зыхьыну хуей нэІибыкъуэм къыфІэщІыпт Щамил щебиин лъэпкъ щымыІэу. И адэм жиІэр кьищтэркъым, Щамил фІэтелъдажэт, бгыРысхэм ар тхъэпэлъытэ зэращыхъур ядиІыгът. Иджыпсту икъукІэ пІейтейрэ щІэрэ щІыхь инрэ хуиІэу хьэщІэщым щІыхьащ икІи Щамил и нэ ерыщу щІиукъуанцІэхэм щІэплъэу уващ. Апхуэдэу зыбжанэрэ щытри, Щамил бгъэдыхьащ, абы и Іэпкъынэ кІыхь хужьым ба хуищІащ.

- Уэ Хьэжы-Мурат уриКъуэ?

- Срикъуэщ, Іимам.

- Уэ пщІэрэ абы ищІар?

- СощІэ, Іимам, икъукІи си гукъуэщу.

- Тхэкі эрэ?

- Сэ молэуэ седжэну си гугъат.

- Уи адэм хуэтх мэрем пщІондэ къигъэзэжмэ псори зэрыхуэзгъэгъунур, япэм хуэдэу дыдэрызэдэпсэунур хуэтх. Армырауэ ар урысхэм я деж кьанэмэ, - Щамил и нэщхъыр зэхиукІащ, - уи анэшхуэмрэ уи анэмрэ къуаджэхэм унэІуту естынщ, уэ уи щхьэр пызущІынщ.

Юсуф и нэгу мэскъалкІэ джылакъым, Щамил и псалъэхэр кьызэрыгурІуам и нэщэнэу, и щхьэр ищІа мыхъумэ.

- Апхуэдэу тхьи си лІыкІуэм ет.

Щамил щыму куэдрэ Исуф еплъащ.

- Тхы, гущІэгъу пхуэсщІауэ уэзрызмыукІыр, атІэ епщІыжакІуэхэм зэресщІэм ещхьу уи нэр зэрисщІынур. КІуэ.

Щамил бгъэдэтхуу Юсуф пІейтеигъэ лъэпкъ бгъэдэмылъауэ кьыпфІэщІынт, арами хьэщІэщым кьызэрыщІашыжу, кьыщІэзышыкам ибг иуІ кьамэр кьрипхъуэтри зиукІыжьыну и тэмакъымкІэ, пхъуат, арщхьакІэ и Іэхэр ябыдащ, япхри аргуэрыжьу мащэм ирадзэжащ.

А щцыхьэщхьэм, жасы нэмэзым и ужькІэ, Щамил джэдыгу хужь щетІагъэ, и фызхэр щыпсэу лъэныкъуэм егъазэри, Іэминат и пэшым макІуэ. Іэминат щІэстэкъым. Ар фыз нэхъыжьым деж щыІэт. Щамил гу кьызэрылъамытэным пылъу, пэш бжэкъуагъым къуоувэ абы пэплъэу. Іэминат Щамил гукъанэ хуиІэт шыпэ бостеипхъэ еэым кьримыту Заидет зэрыритам щхьэкІэ. Абы илъэгъуат ар кьызэрыщІэкІарри, и пэшым зэрыщІыхьари, ар щхьэкІэ ерыщ екІуэри итхащ.

Ар теухуат Хьэнэфийрэ Хьэжы-Муратрэ яку дэлъа лъыщІэжым.

Мис апхуэдэ уэрэдт ар:

«Си кхъащхьэ ятІэр гъущыжмэ - уэ сыпщыгъупщэнущ, сыкъвэзылъхуа си анэ! Кхъащхьэ удзыр къэкІмэ - удзым уи гуауэ щІихъумэнущ, си адэжь! Си шыпхъым и нэпсэкр гъущыжмэ, абы и гум гуауэр илъэтыкІынущ.

Ауэ уэ сыпщыгъупщэнкъым, си къуэш нэхъыжь, сызэрауКІам щхьэкІэ силь умыщІэжу. Сыпщыгъупщэнукъым уэ си къуэш етІуанэ сэ сибгъуКІэ укъэгъуэлъыжьыкъуКІэ.

Упщтырщ уэ, шэ, уэ ажалыр зыбохьэ, ауэ уэракъэ сэ гъэр пэжу сиІар? ЩІы фІыщІэжь, уэ сэ сыщІэпхъумэнущ, ауэ уэракъэ сэ шы лъабжьэкІэ сыубар? УщІыІэмылащ уэ, ажал, ауэ сэ уи зиусхьэну сыщытащ. Си ІэпкъльэпкъыщІым игъэпщкІунщ, си псэр хьэрщым сІихьынщ».

Хьэжы-Мурат и напІэхэр зэтедзауэт а уэрэдым зэредаІуэр, иужь макъамэр кІыхьу хишу щиухкІэ, сыт щыгъуи урысибзэкІэ жиІэрт.

- Хорошь песнэ, умный песнэ.

Жьыджэрагъ дахагъкІэ гъэнщІа бгырыс гъащІэм Бутлер итхьэкъуат, псом хуэмыдэу Хьэжы-Мурат кьызэрыкІуэ лъандэрэ. Къэптал, адыгэ цей, лъей сыт хуэдэхэр кьищэхуауэ зихуапэрти, абы езыри бгырысу, абыхэм я псэуКІэщІыкІэм хуэкІуауэ зыкъыщыхъужьырт.

Хьэжы-Мурат щежьэж макъуэм Иван Матвеевич офицер зыбжанэ кьриджащ, ар гъуэгу трагъэхьэжьын папщІэ. Офицерхэр хэти Марье Дмитриевнэ шей щригъахъуэ стІолым, хэти аркъэ, чыфыр, абы дашхьи зытелъ Іэнэм деж щызэхэсхэт, гъуэгу зэрытехьэным хуэдэу хуэпарэ Іэщэфащэр пщІэхэльу мащІэу ещІэкъуауэ Хьэжы-Мурат лъэ щабэкІэ кьыщыщІыхьам.

Псори кьызэфІэувэри, и Іэр ябудыдэр фІэхъус ирахащ. Иван Матвеевич ар тахътэм итІысхьэну иригъэблэгъат, ауэ, абы фІыщІэ хуищІри, щхьэгъубжэм деж щыт щэнтыр кьыхихащ. КьыщыщІыхьэм псори щым зэрыхьуар абы кьыфІэІуэхуа хуэдэтэкъым. Псоми я нэгу гупсэхуу ипплэри, абы и нитІыр сэнваррэ шейдефэрэ зытелъ стІолым деж кьыщыувыІащ. Хьэжы-Мурат зи щыпэлъагъу офицер псэльэрей Петровскэр тэрмэшыр кьигъэсэбэпу абы еупщІащ Тифлис инту ирихьа жиІэри.

- Айе, - жуаут кьет абы.

- НтІэ, жеІэ, - зэредзэкІ тэрмэшым.

- Сыт нэхъ игу ирихьар?

Хьэжы-Мурат зыгуэрхэр жеІэ.

- Псом нэхърэ театрыр игу нэхъ кьинащ.

- Дзэзешэ нэхъыщхьэм деж щекІуэкІ балым сыт уи нэ нэхъ кьыщыфІэна?

Хьэжы-Мурат и нэгур зэхоуэ.

- Лъэпкъ къэс езым и хабзэ и иІэжщ. Ди деж щыхьэхэм апхуэдэу зыщахуанэркъым, - жеІэ абы, Марье Дмитриевнэ дежкІэ пльэуэрэ.

- Сыт игу иримыхьар?

- Дэ псалъэжь диІэщ, - жреІэ абы тэрмэшым, - хьэм шыдыр лыкІэ игъэшхэну, шыдым хьэр мэкъукІэ игъэшхэну иужьыихьати, тІуриныбэнэщІу къэнащ. - Ар погуфІыкІ. - Дэтхэнэ лъэпкъым дежкІи и хабзэр езым дежкІэ нэхъыфІщ.

Псалъэмакъым адэкІэ папщэркъым. Офицерхэр хэт шей йофэ, зэІуроу. Хьэжы-Мурат хуашия шей стэчанэр яІехри, и пащхьэ ирегъэувэ.

- Сыт уэстын? Шатэпс? Узыдедзэкъэн?

Хьэжы-Мурат и щхьэр егъэщхъ.

- Аращ, уи Іуэху фІы кьрикІуэ, - жеІэ Бутлер абы и лъэгуажьэм теІэбэуэрэ, - дыдэрылъагъужьыну, дыдэхуэмыдэжьыни...

- Прэщай! Прэщай, - пыгуфІыкІыу урысыбзэкІэ жэуап кьет Хьэжы-Мурат. - Кунак булур. Крепко кунак твой. Время - айда, - икІи щхьэкІуэну лъэныкъуэ кьигъэлъагъуэм ещхьу и щхьэр ещІ.

Елдар бжэкум къоувэ хужь щыхьа ин гуэр и дамэм телърэ Хьэжы-Мурат и сэшхуэр иБыгъуу. Хьэжы-Мурат Іэ щыхуищІкІэ, Елдар лъэбакъуэхъуу псынщІэу кьыдбгъэдохьэ, щІакІуэ хужьымрэ сэшхуэмрэ кьрет. Хьэжы-Мурат кьотэдж, щІакІуэр и Іэблэм иреущІэкІри Марье Дмитриевнэ ирет, тэрмэшым зыгуэрхэр жреІэ. Тэрмэшым зэредзэкІ:

- Мыбы жиІэращ: щІакІуэм ущытхъуащи узот.

- Ар сыт щхьэкІэ? - Марье Дмитриевнэ плъыжьу кьызэщІонэ.

- Апхуэдэщ ди хабзэр.

- ФІыщІэ пхузощІ, - жеІэ Марье Дмитриевнэ щІакІуэр Іихьыурэ. - Уи къуэр къебгъэлъыфыну Тхъэм жиІэ. - Улан якши, - щІегъуэ абы. - ЖеІэ абы: и унагъуэр бэІуТІэІум кьыхишыжьыфыну Тхъэм солъэІу.

Хьэжы-Мурат Марье Дмитриевнэ ипплэ, погуфІыкІ. ИтІанэ сэпхуэр Елдар кьыІэщІехри, Иван Матвеевич ирет. Иван Матвеевич сэшхуэр Іехри тэрмэшым зыхуегъаззэ:

- ЖеІэ си алащэ щІэгъуэплъыр зэрестыр. Сызэрыхуэпсэн нэгъуэщІ сиІэкъым.

Хьэжы-Мурат и Іэр ещІ ар зэри зэрыхуэмейр, щІэзыІуаэр зэрыИмыхьынур кьигъэлъагъуэу, итІанэ и гум телъбэжщ, къуршхэмкІэ и Іэпэр ишийри, бжэмкІэ иунэтІащ. Псори абы иужь куэбжэ. ПэшыМ кьыщІэна офицерхэм сэшхуэр зэпаплъыхьри, ар гъурдэр нэсу къалытащ.

Бутлер Хьэжы-Мурат и гъусэу пырхъуэм кьытоувэ. Ауэ ешьдежьэм зыри зыпэмыплъа, Хьэжы-Мурат и ажалкІэ иухьну щыта Іуэху къэхъуащ. Кьелынуи кьыщІэкІынтэкъым и ІэкІуэлъакІуагъэр, хахуагъэр мыхъуамэ.

Хьэжы-Мурат щІэшхуэ кьыхуэзыщІ Таш-Кичу къумыкъу кьуажэм дэсхэр, нэІиб цІэрыІуэм Іупльэм кьудей щхьэкІэ Іэдэкэрэ быдапІэм жьыщыхуепчахами, щежьэжьнум махуищ и пэ кьихуэу лІыкІуэ кьыхуащІат мэрем жумэр кьадищІыну кьелъэІухэу. АрщхьэкІэ Таш-Кичу щыпсэу къумыкъупщхэм яль ябы телъти, цІыхухэм жраІащ Хьэжы-Мурат мэжджатым кьызэрыщІамыгъэхьэнур. ЦІыхухэмрэ ящыхэм я Іэрэгъуэхэрэ яку Іэпщэрыбанэ кьыдэхъуати, урыс тетхэм зэры

● Хабзэ

ЦIыхум и хуитыныгъэхэр

Хабзэрылажьэ демократие къэралым цIыхухэм конституциокIэ яIэ хуитыныгъэхэм къыщхьэщыжьын хуейр лъэныкъуокIэ къикI унафэ щIэмыт судхэрыц. Иужьрейхэм я къэлэнщ щыIэ законодательствэм ткIийуэ тету икIи захуагъэр и лъабжьэу Iэхуэм хэплъэну. Ар занщIэу щыубзыхуащ Урысей Федерацэм и Конституцэм и статья зыбжанэм.

АХЭР ТЕЩIЫХЬАЩ:
- судыр зэIуахуэ (нахуэу) Iуэхум хэплъэным;
- къвэзгъ пIалъэхэм нэхъ нэхъ хэмыкIасэу судым Iуэхур зэхигъэкIыным;
- ягъэжьагъэшхэмрэ зыгъэкъуаншхэмрэ хуитныныгъэхэмкIэ зэхуэдэным;
- судым кIыщта унафэхэр ягъэзэщIным;
- унафэхэр зэрагъэзащIэм судыр кIэлыплъэным;
- цIыхухэм юстицэ и лъэныкъуокIэ защIэгъэкъуэным.

Дэтхэнэ цIыхухи хуитщ езым къемыгъэщIыпIами, судыр зыхэплъэ Iуэхум едэIуэну, абы кIыщта унафэм щыгъуазэ зыхуищIыну. Суд зэIуцIэ зэхуэщIапэр къызыхэкIынкIэ хьуну цIыхьусыгъуэхэр хабзэм ткIийуэ еубзыхь.

Дызэрыщыгъуазэщи, цIыхухэр судхэм екIуалIэным лъэпощхьэпо зэмылIэужьыгъуэкэр хуагъэуву щытащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, цIыхур судым и унэм щыхьэну хуиттэкъым зэрыраджам щыхьэт техъуэ тхылъ умылIыгъыу. Уполномоченным захуигъэза ижь, апхуэдэ хабзэр ягъэкIуэдыжащ.

Илъэ и пэкIэ Уполномоченным къыхилъхьащ лъэхъуэщхэм тезыр щезыхьэкI цIыхухэр суд Iэхуэхэм видеоконференц-связь Iэмалым тету хэтыну хуит ящIыну. Суд Iуэхум хэтхэр абы и фIыгъэкIэ яшэн хуей хьунутэкъым езыхэр зыхэпщIа Iэхуэхэм суд зыщыщтащIыхь щIыпIэхэм. Мыр екъэлIат я узыншагъэр зэрымыщIагъуэм къыхэкIыну тутнакъэм апхуэдэ гъуэгур къаэзрытехьэлъэными. Видеоконференц связыр щIэгъэкъуэныщхуэз яхуэхъунут псоми.

УФ-м и Конституцэм къыщыгъэлъэгъуакъым суд Iуэхухэм зэрыхэплъэн хуей пIалъэм и кIыхьагъыр. Арщхьэкlэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым цIыхум и хуитныгъэхэр хъумэныжкIэ конвенцэм Iэ тридзэ ижь ар Урысейм и дежкIэ къалэн зэрыхъуар. КъыхэдгъэщхьэхукIынщи, цIыхум и хуитныгъэхэмкIэ Европей Суд ди къэралым егъэщIылIаУэ нэхъ къемызэгъ дыдэу кIыльытэр зи гугъу щIэу Iуэхуэм хэплъэныр кIыхьлIыхь зэрращIырц.

Пэжщ, къару игъуэтащ «Суд Iуэхур и чэзум зэфIагъэкIыныжкIэ яIэ хуитныгъэхэр къызэрызэпаудым ижIи суд унафэр акъылым кьитIасэ пIалъэм кьызэрамыщтэм къыхэкIыу мылъку хуапшыныбым и IуэхуэкIэ» федеральнэ законым. Арщхьэкlэ Урысей суд хабзэм куэд щIауэ кьефIы Iуэхэр бгъэкIуэдыжыну гугъущ.

Псом хэмыдыдэу Iуэхуэр зэхэгъэкIынкIэ щIалъэгъэ ящI зыхуеину тхылъ гуэрхэр яфIэкIуэда хуэдэу ягъэIуурэ.

Мыбдежым Уполномоченнэм хэкIыпIэу щIалъэгъу зыщ: цIыхум и хуитныгъэхэр къызэрызэпаудам пэкIуэ пщIэр хуапшыныжьын папщIэ тхьэусыхэныбзэ.

Юстицэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ яIэ хуитныныгъэр къилытэкIэрэ, къэралым узчылхэм шэсыпIэ зыбжанэ ярет езыхэм я къалэнхэр нэхъыфIу ягъэзэщIэным хуэгъэзауэ. Хабзэм екъуфэ зэрыщыщыжьынрэ зэхуэдэ щIэуэ я щIэхэр. Ар къызэпызыдэхэр жуэупльм ирашапIэ. Уэчылым пкъырыщIыжь хъунукъым езыр зыдэIэпыкъым къыжриIаэхэм теухуауэ.

Мы зэманым судхэм чэнджэщ ират щIэпхъаджагъэ зылэжьахэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуахэм хабзэ и лъэныкъуэкIэ нэхъыфIу ядэIэпыкъуну. Мыбдежым нэхъ ткIий щIыхьуныщ уэчылхэм яхь жэуапри.

Уполномоченнэм кьелытэ суд пащхьэм и деж псоми зэхуэдэ хуитныныгъэ щаIэн хуейуэ.

ПАМФИЛОВЭ Эллэ,
УФ-м ЦIыхум и хуитныныгъэхэмкIэ щыIэ Уполномоченнэ.

Фашист концлагерым и гъэрхэр хуит къыщыхьужам и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу «Уэрыслей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым хэтхэр яIуащIащ гъэрыпIэм исахэу Бугаевхэ Анэнэрэ Евгенийрэ, Байдашкина Марие, Водочай Римэрэ, Къардэн Раисэ, Кочуков Станислав, Окороковэ Тамарэ, Суворовэ Людмилэ, Штульман Наум, Гайдук Валентин, Кудиновэ Марие, Балькъэр Валерэ, Ворошин Валентинэ, Карелин Марие сымэ.

ЗЭIУЩIЭМ къырихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэм и къуэдзэ **Саенкэ Татьянэ**, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым **Кануниковэ Татьянэ**, Зауэм, эжьыигъэм, Iэщэкlэ ЗэщIэуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ Iенатlэхэм я ветеранхэм я республикэ советым и Iэтащхьэ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд,** ветеранхэм я къалэ советым и унафэщI **Абдулаев Мустэфа** сымэ.

КъырихьэлIащ Iуэхуэр дакъикъкIэ яхуэщыгъуащ хэжIуэдахэм.

- Нобэ дигу къыдогъэкIыж Хэку зауэшхуэм и къэхъукъащIэ гуузыр. Балигъыпlэ имыувэу фашист гъэрыпIэхэм илIыхьахэм дахуощыгъуэ, а зэманым и бэлыхьым къыхэкIыфахэр догъэлъапlэ. Псалъэм къыпхуигъэтlэсэну си фIэщ къэхурхьэм балигъыпIэм имыувауэ гъэрыпIэм и хьэзабыр зыбзэтепсыхахэм фи гуэвэгъуэр. ЛIыгъэ зыхэфлъхьэри, псэзэпылъхьэпIэм фыкъикIащ, гъащIэр фи фIэщ фщIыжащ. ГъэрыпIэм и хьэзабыр зыгъэнэхуэхэр Хэкур фIыщIэу зэралъагъэм къару зыхилъхьэхэрщ. Зауэр зи нэгу щIэкIахэм ягу къызэрагъэкIыжымкIэ, гъэрыпIэ исахэм ящыщ куэд хуит къыщыхъужат кьухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ. Американхэм абыхэм къыхуахьырт тхъуцIынэ, щIакъуэ хужь икIи къелъэIухэрт къэнэну, куэдкIэ бей Америкэм, лэжьакIуэ Iэ хуэныкъуэм Iэпхъуэнхэу. Ауэ ахэр вагон зэхэкъутахэм кьитIыслъэрти, Хэкум ухуэсышэ гъуэгум къытеувэжэрт, я псэр къахьэсыжырти, щIынэжэм щыпсэуэрт, кьалэхэр, къуажэхэр къызэралIэтыжыным ижь итхэт, лэжьыгъэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм зрапщытырт.

Сабиигъуэ зимыIахэр

Уегъэгъазэ иужьрей илъэхэм къэрал куэд зэIыщIа зэрыхъум. Нобэ ди гум уIэгъэщIэу телъщ Украинэм щекIуэкI хьэлэбэлыкъыр.

Нобэрей махуэм дэ иджыри зэIэмал къыдет дызыщIэгупсысыжьну, дызэжъуэвэу нацизмэр зэрыхэдгъэщIэным иужь дитыну, Хэку зауэшхуэм и тхыдэм и пэжыпIэр зыгурыдгъэIуэну, иджыдпIэ зыгурыдгъэIуэну Саенкэ Татьянэ икIи ар зауэм и ветеранхэм екъуэхъуащ тынышгъуэ яIэу, фIыуэ къэзылъагъу цIыхухэм я гуапагъ щымыщIэу куэдрэ псэуну.

- Зауэ гъуэгур задэщ, абы зыри щытыншыркъым. ЗэуапIэм Iутахэр, ахэр зыхуеймкIэ къызэгъэпэщыныр зи пщэрылъу щытахэр, гъэру ярыбдахэр... Псоми гуэвэгъуэ ятелъащ. Хэку зауэшхуэм и зауэлIхэу фашизмэм и къару фIыцIэм текIуэн зыльэкIахэм я фIыгъэщ нобэ диIэ мамырыгъэр. Зы дакъикъэ закъуэ нэхъ мыхъуми сыту гууз уи нэгум къыщIэбгъэхьэнкI сабий ныбжьым иту а зауэ лытэм хиубдахэр, гъэрыпIэм итахэр. МащIэщ гъэрыпIэм ящыщ ящыщу нобэ псэуфIу. Фэ къэфIуэтэж зауэ хъыбархэр нэхъыбэрэ зэхегъэхьын хуейщ щIэблэм. Фи нэкIэ хэгъэгъэхуащ. Ди анэшхуэм и кIэжъуащIэм дыкъыкъуэнат сабий щыкIуэ. ЩIымахуэ уает. Даубыдри, фронтым дашащ. Сльэгъуащ сабии балигъи зэрызэтелIэр. МэжащIаIагъэри узыфэ бзаджэри къахьыхьэжат нэмыцIэхэм къыттралъхьа бэлыхьым. Зэрыгъын хьэру яIэжтэжьым цIыхухэм. Зи псэ хэкIар тынышжауэ къалыытэрт. Ди зауэлIхэм дыкърахьжащ ажалым и IэмыщIэ.

Зауэ нэужьым псэун щIэддзэжащ, мамырыгъэми десэжащ. Ауэ ноби къысщIихьэ хуэдэщ цIыху хьэдэхэм я мэр. Сабий бжьыгъэншэм я псэр зэкIиу слъэгъуащ сабиинжьI. Ноби схуэшэчхьым сабий нэпс, - иУэтэжащ Бугаев Евгений.

И хъыбар иIэжт илъэсиплI ныбжьым иту зауэм хиубыда Къардэн Раиси:

- Зауэр къэхъейри, маХуищ нэхъ дэмыкIыу дэри гуэвэгъуэр къытлъэIэсащ. ИльэсиплI сыхъуу арат. 1941 гъэм даубыдри, Iэщ щагъащхэу щыта Iуэ гуэрым дыщIадзащ. ИльэсищкIэ абы сисащ. Бэлыхьу ттелъым нэмыщIыж, лъы тхашнри яублащ фашистхэм. Хуабэуэр Iуэм щаIыгъ цIыхухэм къахьыхащ. Пщэдджыжькъэсхьэдэхэр къыщIахьырт. Узым зыщиубгъум, Iуэр лагъымкIэ къагъэзэну траухущ. Я лъэм иIыгъыжхэр, езыредзыру зекIуэфхэр къыщIэкIыну хуит ящIат. Си анэр къыздэIэпыкъуурэ, Iуэм дыкъикIащ. ЩIэх дыдэуи ди щIыбагъкIэ лагъым къыщыуащ.

- ЦIыхум и хьэл-щэнхэр ягъэзыхуу къыщIэкIынущ ар гъащIэм зригъэзэвэ щытыкIэхэм. Фэ сынывэплъри, ар хьэжь сщыхъащ. Фи псэлъэкIэм къыхощ лIыхъужьыгъэ. Дэтхэнэри гугъуехым фипсыхьащ. Сынывохъуэхъу ныбжьыр къыфIтемыхьэлъэу, гукъыдэж фиIэу куэдрэ фыпсэуну! - захуигъэзащ ветеранхэм Кануниковэ Татьянэ.

УэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэ Аринтольц Сабинэ зэIуцIэм хэт ветеранхэр щIигъэдэIуащ Хэкум, зауэм теуху уэрэдхэм. Ветеранхэм иратащ уэ гъэгъахэмрэ сауГъэтхэмрэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтхэр **Елькъан Артур** *трихащ.*

● „Адыгэ псалъэ" газетыр илъэс 90 ирокъу

Жэрдэм инхэр

Блэкlа лIэщIыгъуэм и зэхуэдитIым къыщежьри, ар иухыхукIэ СССР абрагъуэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыщыхъуауэ щытащ. Абыхэм ящыщ куэдыр ди республикэми, зэрыгурыIуэгъуэщи, щытлъэгъуащ. Жэрдэмхэм кIэ яIэжтэкъым. Дауи, абыхэм жыджэру пэджэжьыт ди газетри (абы щыгъуэм зэреджэр «Ленин гъэзэгу»).

ПIАЛЪЭ-ПIАЛЪЭКIЭРЭ къыкъуэкIырт икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIын, кьару зэкъуэткIэ зыбгъэдыхьэн хуей Iуэхухэр.

Псалъэм и хьэтыркIэ, апхуэдащ шылэ хьэпIащIэ гъэшхэным, фошыгъу жэгунэ гъэкIыным, цIыхубзхэр тракторхэм игъэсыным, къъуэ гъэхъуным(!) егъэщIылIа унафэхэу ищхьэкIэ къикIхэр.

Псом хуэмыдэу телъыджэт иужьрейр. Дауэ лIэщIыгъуэ зыбжанэ и пэкIэ муслымэн диныр къэзыщта, абы и фарэхэм щIэуба адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ Мухьэмэд бегъымбарым хьэрэм ищIа хьэкIэкъхъуэкIэ зэрагъэшхэнур?

Арщхьэкlэ унафэр унафэт. Совет Союзыр зытет комунист идеологием мыр дыдэмкIэ зэуэ бдзэжьеитI къиубыдыну и мурадт: илэразуэ, лымкIэ СССР-ри абы игъашхэ нэгъуэщI къэралхэри ирикъуу къызэрагъэпэщыныр; етIуанэрауэ, муслымэнхэм я деж атеист (диныншэ) пропагандэр щыгъэлъэщыныр.

Илэрейм и лъабжьэр гурыIуэгъуэт: къъуэхэр гъэхъугъуафIэт, шыр куэди къызыщIэхъуэ псэущхьэхэт. Арщхьэкlэ етIуанэ щхьэусыгъуэр-щэ?

Пэжщ, а зэманым щыIакъым КПСС-м пэрыуэ къару гуэри. Арати, Iуэхур ирахъэжьащ. Къызэрагъэпэщ къъуэ фермэхэм (псэущхьэхэр Украинэми Белоруссиеми ахъшэщхэу текIуадзэу кърашырт) я ягъуэгурыр щыгъэгъуэн. Сlюжь-атlэ?

IэрыщIу, къэбгупсысу къепхьэжьа Iуэхур Iуэху къъуэкъым. Къъуэ гъэхъуныр мусльымэнхэм я дежкIэ къеМызэгъэ. Арати, къъуахъуэхэу лэжьар Ставрополь крайм къраша цIыхубзхэрэр. Пэжщ, сыт щыгъуи фермэхэм я Iэтащхьэу щытахэр ди лъэпкъэгъуэхрэщ - нэхъапэм комсомол лэжьыгъэм нэхъ жьыджэру рэрытахэрэщ. Ахэр я лэжьыгъэщIэм зэрыпэлъэщащ и щапхъэ къэтхьынти.

Зэгуэр ди редакцэм къыщIыхьащ зэгъэрей тхуэзыуа адыгэ щIалэ. Абы къиIуэтэжащ:

- Си гъащIэм нэгъуэщI лэжьапIэ тынш сиIакъым. Сызыхуейт дыдэр сщIэрт. Зыри къыскIэлъпIыпльрэтэкъым - хэтыт уи Iуэху зезыхуэнур? Арати, хуэм-хуэмурэ кхъуэ фермэр сщащ. Зы закъуэ, сфIэуэдыIуэти, сутIыпщыжащ.

Мис апхуэдэ зэмани щыIащ. ЦIыхум езым къезэгъын фащэ щыгъыжьын хуейщ. Арщхьэкlэ Хрущёв Никитэ и зэманым деПIэщIэкIыну коммунизм щыуэрт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ди газетри абы пэмыджэжьыкIэ Iэмал иIэтэжьым.

ШАЛ Мухьэмэд.

● Нобэ Тхылъымрэ авторым и хуитныныгъэхэмрэ я дунейпсо махуэщ

Гъэсэныгъэм и IэмалыфI

ЩIэныгъэ къозытыр щэч хэмылту тхыгъырщ. Ар хъумэн, гъэлъапIэн зэрыхуейри цIыхум зыщигъэгъупщэркъым.

1996 гъэ лъандэрэ, илъэс къэс дуней псом щагъэлъапIэ Тхылъым и махуэр. Абы теухуа унафэр ЮНЕСКО-м и 28-нэ сессием, 1995 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м, къыщащтауэ щытащ. Зэхъыхэм хэтэхэм я мурадыр зыхуэунэтIар зыт - цIыхубэр уэзщIын, тхылъыр ныбжьэгъуфIу зэрыщытыр ягурыгъэIуэн.

Тхылъым и дунейпсо махуэу мэлыжьыхьым и 23-р къыщIыхахам щхьэусыгъуэ пыухыкIа иIэщ. А махуэм, 1616 гъэм, дунейм екъыжат тхакIуэшхуэхэу Шекспир Уильям, Сервантес Мигель, Гарсиласо де ла Вегэ Инкэ сымэ. Литературэм и фIыпIэр зэзыгъэхъулIа мы цIыхуэхуэхэм я фэепIть махуэр ар ящIат.

Дунейпсо литературэм и дамыгъэ хъуа а махуэр тхылъыр фIыуэ зыгъагъу дэтхэнэм дежкIи льапIэщ. Абы ирихьэлIэу библиотекэхэм, нэгъуэщI Iуэхущ Iэхъуэ зэхьхьэ гъэщIэгъуэнхэр щрагъэкIуэкI, пасэми иджыпстуи тхылъым мыхьэнэшхуэ зэриIэм и щIыхьэту.

КЪАНЩIАУЭ Мэлэчыпхъу.

ЗэгурыIуэныгъэм и къигъэхъуапIэр

● Зэпеуэхэр

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым Управленэмкlэ и институтым щIалэгъуалэм я гупсысэм зезыгъэужь зэпеуэ щIэщыгъуэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ КъБКъУ-мрэ КъБКъМУ-мрэ я студентхэу Iэщ Iагъэ зэмылIужьыныгъуэхэр къызэрыхахэр: медицинэм, менеджментым, педагогикэм хуеджэжэр, социальнэ дэжьакIуэ хъуну зызыгъэхьэзырхэр. ЦIыху щхьэхуэхэмрэ къэпхъхэмрэ я зэхуэдэ зэгурымыIуэныгъэхэр - арат ныбжьыщIэхэр зытепсэлъыхьыр.

АБЫХЭМ зэпкърахащ щIалэгъуалэр щIызэгурымыIуэнкIэ хъуну щхьэусыгъуэхэр икIи щапхъэ зэхуэмыдэхэр къахьащ. Зэдэарэзыуэ къыхагъэщащ лъэпкъ Iей е лъэпкъыфI зэрыщымыIэр, атlэ зым и хабзэмрэ дуней тетыкIэмрэ адрейм пщIэ хуищIыфу зигъэсэн хуейуэ къызэралъытэр. ЦIыхухэм я зэхуаку кьыдэхъуэ зэпэщIэуэныгъэр къэмыгъэхъун папщIэ пхэлъын хуей щыIэныгъэм, зыБыгъкIэм и гугъу ящIащ, псалъэмакъ гуемыIу къэхъу хъужьыкъуэми, ар къызэрыбгъэувыIэну Iэмалхэм тепсэлъыхьащ.

Къыхагъэщащ зэгурымыIуэныгъэм и щхьэусыгъуэр къэлъыхьхъуауэ, абы и лъабжьэр ягъэкIуэдын папщIэ щIапхъэ-лэжьыпхъэхэр. Студентхэм къагъэлъэгъащ хэкIыпIэ зэхуэмыдэхэр: къуаншагъэ зыбгъэдэлъхэм гъэсэныгъэ-ущиныгъэ мыхьанэ иIэу епсэлъэныр, ахэр дагъэ гуэрхэм дегъэхьэхыныр, абы папщIэ къафэмкIэ, уэрэд жьIэныкIэ, сурэт щIынымкIэ, спортымкIэ, щэнхабзэм и нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэмкIэ щыIэ гупжьейм хэгъэхьэныр, школхэм гупсысэмрэ зэхэщIыкIымрэ зезыгъэужь Iуэхухэр къыщызэгъэпэщыныр.

ГУIЭТ Зитэ.

ПщIэрэ щIыхьрэ зыпылъ Iуэху

Адыгэ лъэпкъым и цIыху щэджащэ Къэзанокъуэ Жэбагъы (1685 - 1750) Кавказ псом щыщIэрыIуэщ. Абы и щыгъэIыбфэр («Сказания о Жабаги Казаноко» лэжьыгъэм щыгъуазэ дыщохъу) лъэпкъ куэдым я IуэрыIуатэмкIэ хьихьащ, лIыхъужьыгъэм, захуагъэм я нэщэнэу.

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩI, Къзэанокъуэ Жэбагъы дуней ехьыжа нэужь, нэгъуэщI лъэпкъхэм ар я лIыхъужьку жаIэу хуежьащ. Балъкъэрхэм я зы хъыбарым кьыхощ Шэджэм, Бахьсэн ауэхэм а лIы Iущыр кьыщалIыхуауэ зэхъуэкIа зэрыхуагъэфащэр. Къэбэрдейм и куажэ зыбжанэм - Зеикъуэ, Ауушджэр, Кэнжэ - дэсхэми щхьэж я жьIэ ар кьыдэкIауэ жаIэ, арщхьэкlэ нэхъ пэжу кьыдыхэкIауэ къэплъытэ хъунур Зеикъуэр къэмыунэху щIыкIэ а щIыпIэм деж щысахэрщ.

Илэжьпlэкlэ иджыри кьыздэсым мыубзыхуауэ щытащ ар щыщIалъхьэжа щIыпIэри. ЦIыхуэр а Iуэхум хуэгъэфэщауэ тепсэлъыхьа мыхьэмэ, щIэнэгъэр щыхьэт зытехьэзэн гъэри щыIакъым. Лъахэхутэ Котляровхэ Викторрэ Марие ар гъэщIэгъуэн ящыхъуащ икIи Къзэанокъуэ Жэбагъы и кхъащхьэр къахутэну иужь ихьащ.

- Зыкъомым даIуащIащ, депсэлъащ, архив тхыгъэхэм дыхэплъэжащ, тхыдэр щIэдджыкIыжри, Зеикъуэ и пщэкIэ «Къзэанокъуей кумбIэ» еджэу щIыпIэ зэрыщыIэр къэтхутащ. А бгы лъапэм деж абы и унэ щIыкIыри щытащ, щыщIалъхьэжари абдежщ. Жэбагъы и фэеплъыр зыхъума куэд, къызэрыщIэкIамкIэ, а щIыпIэм екIуалIэу щытащ, - жеIэ Котляров Виктор. - Жэбагъы щIыхр зэгурагъаIуэу, кьызыхэкIа лъэпкъым и къэкIуэнум зэпымыууэ хуэсакъыу зэрыпсэуар къэплъытэмэ, ар фIыщIэ жыг зыхуэфащэ щIыхуащ.

Дэ тэмэму къэтлъытащ, молекулярно-генетикэ экспертизэ едгъэщIэн къэтхутар пэжу къыщIэкIымэ, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэм и къупщхьэр щIыху нэхъ зэкIуэлIагъэ щIыпIэ щыщIедгъэлъэхьэжыну. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а Iуэхур зи пщэ дэпъ Iэнатlэхэр ди мурадым къыпзджэжакъым. Апхуэдэу щыхъуэм, Зеикъуэ щыщ щIалэ зыбжанэм мурад ящIри, Къзэанокъуэ Жэбагъыр и щхьэгъусэмрэ (ари абдеж щIэлъщ) фэеплъ сынит1 хурагъэщIащ.

ГъащIэр хьэлэмэту зэхэпъщ, а зэманым ирихьэлIэу щIалэхэм зыныхуагъэщащ Къзэанокъуэ Жэбагъы къытехъукIахэм ящыщ, Къзэрэшей-Шэрджэсым рэ Адыгеймрэ щыпсэухэм. Ди республикэм зэгуэр икIыу а лIакъуэм щыщхэм Хъэбзэ районым къыщызэрагъэпэщауэ щыта Зеикъуэ жыIэм нобэ щопсэу Къзэанокъуэ унэцIэр зезыхьэ щIыху 500-м хуэдиз. Ахэр щыIэщ Адыгеймы. Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Къзэанокъуэхэ исыжкъым.

Къыхэзгъэщынут нэIуасэ дызыхуэхъуа щIалэхэм я жэрдэмым и фIыгъэкIэ ди лъэжьыгъэм апхуэдэ лъэныкъуэкIэ зыкъызэрыридзэкIыжар ди гуапэ зэрыхъуар.

...Къзэанокъуей кумбым дынэсын папщIэ, абы кIуэ бгы гъуэгур тректоркIэ зэтес едгъэщIыжащ. Адэкlэ пабжьэм ихуэрейгъкIэ зэщIидэта унэ щIыкIыр къыхэдгъэплъыжащ, къытегушхуауэ абы зыкъытезышащIэ жыг къудамэхэри педгъэупщIащ. Псори ихъэзырт, иджы нэхъ уэфI махуэм иридгъэхьэлIэу, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр щызыфIэдгъэкIыну дакъикъэм дежьэрт...

Мэлыжьыхьым и 7-м ди мурадхэм дыльэIэсащ: цIыху пщIы бжьигъэкIэ (КъШР-ми АР-ми къикIахэр тхэту) Зеикъуэ и уэрам нэрым, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Къзэанокъуэ зэщхьэгъусэхэм я фэеплъ сынхэр машинэхэм ирагъэзагъэри, гъэзгу дытеувэщ. Хэмурэ къызыдонэкI ар...

Котляров Виктор зэрыжиIэжымкIэ, фэеплъ сынхэр ягъэувын папщIэ, мащхэр къэзытIыну гупыж зыщIам гъуни нэзи иIэтэкъым. «ЩIалэ жыджэрэм кумб къыщратхъум щIыху къупщхьэхэр къыщIэхуащ. Хэт ахэр эйр?! - дызэупщIащ. ПщIэнукъым, Къзэанокъуэ Жэбагъы еинкIи хъунущ. Абы и жэуапыр щыдэзытыфынут ищхьэкIэ зи гугъу ещIа экспертизэрт, - жеIэ Виктор. - Сынэр дгъэуба ижьи цIыхухэр куэдрэ зэхэкIыжакъым, я тхыдэм, я блэкIам хэплъэжами ярейт.

Котляров Виктор гъунэгъу къыхуэхъуа щIалэхэм я мурадхэми дыщигъэгъуэзащ. Къзэанокъуэ Къазбэч и мылькукIэ Жэбагъы и унэ щIыкIым деж гуэщ хуитыщхэу щищIыну и лъэпкъэгъуэхэр къыгъэгугъащ. Гуэщыщхэм абы «Къзэанокъуэ» цIэр тригъэтэжнущ, жэщым хьэрфхэр цIырэ, Зеикъуэ укъыдэплъамэ, плъагъуу. ЦIыху Iущым и цIэр уахъытыншэу щытын хуейщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Адыгэ уэрэдхэмрэ усэхэмрэ адыгэ лъэпкъым ди тхыдэщ, ди бзэщ, ди хабзэщ, ди фащэщ, ди лIыгъэщ, ди макъщ», - итхыгъащ КъардэнгъущI Зырамыку. Апхуэдэ гупсысэкIэ убгъэдыхьэмэ, адыгэ макъамэ гурыхьыбрэ усэ купщIафIэхэмрэ зэзыгъэуIум, нэхъыжьыфIхэри, щIалэгъуалэри, уеблэмэ сабийхэри дэзыхьэх уэрэд зыусу ар езым игъэзэщIэжкIэрэ, адыгэ макъамэм, адыгбзэм и IэфIыр цIыхухэм зыхезыгъэщIэфым, лъэпкъым и пащхь щIэ къалэныр пхужымыIэну инщ.

ДИГУ къэдвгъэгъэкIыжыт Тхъэгъэзит Зубер и «Лъахэ уэрэд» усэм щыщ статырхэр.

Куэд щIауэ илът усакIуэм игуми
Щалъхуа щIыналъэм хуэуэсэн, -
ГурыщIэр ину,
Псалъэр мащIэу
ЛъэкIащ и лъахэм епсэлъэн...

Игу илът куэд щIауи
Макъамэтхым
Щалъхуа щIыналъэм
Хуэупсэн, -
ЛъэкIащ гум хыхьэ макъамэфIкIэ
Ар адэжь лъахэм хуИуэтэн...

Илът уэрэджьIэм игу куэд щIауи
Щалъхуа щIыналъэм хуэхъуэпсэн, -
ЛъэкIащ гурыхь щыхъуа уэрэдыр
И лъэпкъым макъкIэ яхихьэн...

Хьыхьати я гум а уэрэдыр
Хъуащ щIыкIуми инми яIурылъ...

Мы усэ сатырхэм уи нэгу къыщIагъэувэ Мамий Аслъэн, нобэ дзапэ уэрэд хъуа «Си Къуэшыркъуейр» жиIэу. Къуажэ зыбжанэми щызэхэпхынущ мы уэрэдыр, ауэ ар щыжаIэм я къуажэцIэр хагъэувэ, ар езыхэм я къуажэ теухуа уэрэдуи къэзылъытэр мащIэкъым. Апхуэдэу цIэрыIуэ хуэда уэрэдым, адыгэми жиIауэ, демыжьыр хуэмыхурщ.

Къуэшыркъуей къуажэм щыпсэу Мамий Мухьэдин и унагъуэм къыхэхъуа щIалэ цIыкIум пасэ дыдэу зыхищIат адыгэ макъамэмрэ адыгбзэмрэ я Iэфы. Абы анэмкIэ и анэшхуэ Псэунэ Хуржанрэ и анэ Нафисэтрэ пшынэ Iэзэу еуэхэрт, адыгэбзэр дахэу унагъуэм сыт щыгъуи щыIурт. Пшынэ еуэным дихьэха Аслъэн а макъамэ Iэмэпсымэр къыхуищэхуну и адэм щелъэIум къыхуигъэуващ: «Уи анэм хуэдэу уеуэфу ухъумэ, кIыпхуэсщэхунщ». Аслъэн зэрыжиIэмкIэ, анэшхуэращ макъамэм нэхъыбэу гу хуезыгъэщIар, пшынэ еуэным дезыгъэхьэхар. Сабий щIыкIэ пшынэр Iэпэгъу хуэхъуами, Аслъэн и Iэзагъэр къыщынэIуари усэм щыщIидзари и ныбжьыр балигъыпIэм пэгъунэгъу щыхъу лъэхъэнэрщ. Апхуэдизу пшынэм зи нэ къыхуиKI щIалэм мазэм и кIуэцIкIэ къафэ зыбжанэ еуэу зигъэсауэ къаIуэтэж. Ауэ, Аслъэн зэрыжиIэмкIэ, ани зыгъэхуэ Хуржан пшынэр къызыхуищэхуар илъэс 16 хъу и къуэш Щыхьэрбийт - иджыри усэнымрэ ушэнымрэ хуэмыхьэзыру къилъытагъэнут, ауэ пшынэ Iэпэхэм и пхъурылъхур зэреIусэу къыгурыIуащ абы и псэр зэрыдихьэхьр.

«Сабийр уэрэдым къыщIотаджэ, балигъ дохъу, допсэу...», - итхыгъащ Хъан-Джэрий. Аслъэни апхуэдэу уэрэдым балигъ дэхъуащ. Езым гулъимытэжурэ, Аслъэн и гупсысэхэр, и гущIагъщIэлъхэр хуэмурэ уэрэдкIэ щэхуу къиIуатэу хуежьащ. Балигъ хъуа иужь итха-иусахэр утыку кхрихьэ хъуну къыщилъытэм, и щэхур ныбжьегъуэхэм ярихьэлIащ. Аслъэн япэ дыдэ и къалэмпIэм къыпыкIа «Лъагъунытгъэм уежьэурэ» уэрэд Нэхущ Чэрим игъэзащIэм «Уэрэд нэхъыфI-96» цIэр къыщыфIащат Ленинград къалэм щекIуэкIа «Антре-96» зэпеуэм.

Кэнжэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №20-р къиуха нэужь, Мамий Аслъэн актёр IэщIагъэр щызрегъэгъуэт ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къурал институтым. Институтым щIэсу Теувэж СулътIан адыгэ студиер къэзыуххэм диплом лэжьыгъэру яригъэгъуэвырт IутIыж Борис и «Хьэщацэ дахащэ» пьесэр. Макъамэ тхыным Мамийр зэрыдихьэхьр зыщIэ Теувэжым Аслъэн трегъэгушхуэ пьесэм макъамэ щIитIэувэну. Аслъэн къызэриIуэтэжымкIэ, апхуэдизкIэ лэжьыгъэм езыр щIэхъупсми, режиссёр цIэрыIуэм къыхуищIа дзыхьым имыгъэгузавэу къэнакъым, ауэ ар къехъулIа уэ къалъытауэ щытащ пьесэм еплъаэми абы къыщыдэджэгуахэми.

Актёр лэжьыгъэр къыхихами, Аслъэн ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым зэрыщылэжьар илъэсым нэблагъэкIэщ. А зэманым къриубыдэу, 1997 гъэм, ар екъулIэныгъэ иIэу хэтащ TIыхъужь Алий и цIэр зэрихьэу республикэм гъэ къэс щекIуэкI фестивалым, япэ нагъыщэ зиIэ саугъэтри къыхуагъэфащауэ щытащ.

Актёр лэжьыгъэм уэрэд усыныр тригъэIуащ Аслъэн. ЦIыхупсэр къигъэушу, гурыщIэр къызэщIиIэтэу зэрыгъэсэм и щыхэтщ Нэхущ Чэрим жиIэ «ГъащIэ гъуэгум и уэрэдыр». Ар 2000 гъэм уэрэд нэхъыфIу къалъытауэ щытащ.

Аслъэн пшынэм къригъэкI макъамэхэм хэкум, адэ-анэм, дунейм и дахагъэм, лъагъунытгъэм теухуа гурыщIэ IэфIэр къыпкъригъэхьрэт, гухэлъ къебэкIыр пшынэбзэкIэ къызэриIуатэр фIэмащIэу, усэбзэкIэ гущIэм къригъэбзэрэбзыкIырт. Абы и гущIэ лъапсэм къыщежьэр гупсысэрэ гурыщIэу бгъэдэлъ псомкIи ущIащIауэ дунейм къытехьащ «Дахэм я лей», «Лъагъунытгъэр мэлъэлъэж», «Уэращ», «Къэбэрдей», «Адэ-анэ», «Гум щызгъафIэ», «Абхазия», «Уэ зыращ», «Уэ сыножьэ», «ГъащIэ гъуэгум и артист Чамагуя Джансух щигъэзэщIащ.

Музыкэм Iэмалышхуэ иIэщ цIыхупсэр игъэдахэну, игъэгушхуэну, дэрэжэгъуэкIэ игъэнщIыну. Апхуэдэщ Аслъэн и уэрэдхэр. Аращ «Ритм гор» медиа-центрым (КъБР) Аслъэн и «Простая песенка», «Моя черноглазая» уэрэдхэм (ахэр жаIэ Тэрчокъуэ Алимрэ ДыщэкI Артуррэ) я клипхэр Абхъазым щIыщытрахри. Лэжьыгъэхэм я режиссёрыр медиа-центрым и унафэщI Урыс Алимщ, абыхэм хэтщ Сыхъуэм и «Апсны» брек-гупым (Тачуле Джамалрэ Лазариди Константинрэ я унафэщIщ) щыщу къэфакIуий. Сыхъуэм, Пищундэ къалэрхэм, Рицэ гуэлым деж щытрахыну клипхэм ущеплъ хъунущ телевиденэ макъамэ каналхэу «9 волна»-мрэ «Небесеть»-мрэ.

И гущIэм къыщыуш макъамэ теIыльджэхэр гурыщIэ зэхуэмыдэхэр къызыхэщ усэхэмкIэ къыщIуатэм, Уэгъуэ Мухьэмэд и гугъауэ къыщIэкIынукъым ахэр уэрэду зэгуэр къэIуну. Ауэ а усэхэм уэрэдыпкIэ къаIуигъэкIащ Мамий Аслъэн. УсакIуэмрэ уэрэдусымрэ я гупсысэмрэ пшынальэхэмрэ зэкIуу щызэхэхуэна хъуащ а тIум зэдатха уэрэдипщIым. Уэгъуэзым и тхылъыщIэ къыдэкIам теухуауэ 2013 гъэм и щэкIуэгъуэм КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым, дыгъэгъазэм - Москва къалэ дэт «Измаилово» киноконцерт залым щекIуэкIа зэIущIэхэм Мухьэмэдрэ Мамий Аслъэнрэ зэдатха уэрэдхэр езы Аслъэн щигъэзэщIащ.

Аслъэн иуса уэрэдхэм къаруи я IэщI, абыхэм цIыхупсэр ящысыб, дахагъэм щIэблэр хуагъасэ, адыгбзэр, лъэпкъ макъамэр яхъумэ. Фигу къэзгъэкIыжынут IуэрыIуатэм щыщ мы статырхэри.

Хъуэпсэгъуэу щыIэр
Ар зи пшынальэщ;
ЗыкъызэфIилъхьэт,
Пшынэр зэфIищIэрт,
ГъащIэ макъамэкIэ
Дунейр игъафIэрт.
ФIыгъуэуэ щыIэр
Ар зи Iэужьт.

Псоми зэрыфщIэщи, мыр зытеухуар Ашэмэзщ, Аслъэни лъэпкъым и Ашэмэзущ кэнжэдэхэм къызэрытщыхъур, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIам и мызакъуэу, и дуней тетыкIэкIэ фIыгъуэу щыIэр зи Iэужьщ: узэрыгушхуэ хъун къуэщ, адэщ, ныбжьегъущ, гулытэ ин зыхэлъщIыхьущ. Нобэ ар Кэнжэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм щолажьэ, «Нартсанэ» уэрэджьIаKIуэ гупым хэт щэблэр уэрэд жыIэкIэм хуегъасэ. Аслъэн щыкIуэкIи балигъхэми гуфIэгъуэ езыгъ пшынауэ, уэрэдус, уэрэджьIаKIуэ Iэзэщ.

Мамий Аслъэн мы гъэм и гъатхэпIэ мазэм, адыгэм цIыхухъур лIыпIэ иувэу къыщилъытэ ныбжьым нэсащи, зэрыкъуажэу дохъуэхъу и нэхъыжьхэр игъэбжьыфIэу, къыщIэхъуэ и щIэблэм ягъэгушхуэу жыщIхьэ махуэ хъуну, зытет дунейм тезэшэху зыгъэпсынIэу, куэдрэ и уэрэдхэмкIэ дигъэуфIэну.

БАЛЪ Людмилэ.

Дзэ Iэпщэрыбанэ зауэ

Бейтыгъуэнхэ, Хьэгъэжейхэ, Къуэныкъуейхэ япэ йощ

Совет Союзым и Лыхъужь къхухьлъатэхэуэ Къуэныкъуей Назир дзэ Iэпщэрыбанэ зауэмкIэ и фэеплъ республикэ зэхьэзэхуэ Лашынкъей къуажэм щекIуэкIащ.

ШэДжэМ район администрацэм, КъБР-м дзэ Iэпщэрыбанэ зауэмкIэ и федерацэм, Лашынкъей къуажэм и сабийныбжьыщIэ спорт школым къызэрагъэпэща зэпеуэм спортсмен ныбжьыщIэ 200-м нэблагъэ хэтащ.

Командэ зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Лашынкъей дэт сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и гупым. Бейтыгъуэнхэ Анзор, Хьэсэн, Хьэмид, Темырлан, Хьэгъэжейхэ Казимир, Резуан, Заур, Къуэныкъуейхэ Мухьэмэд, Астемир, Алим, Тыгъуэн Алим, Нэгъуей Заур, Тэмазэ Руслан, Къамгъуэт Рустам, Къалмыкъ Артур сымэ. Абыхэм ящыщу 8-р щхьэзакъуэ зэпеуэм щытекIуащ.

Къуэныкъуей лъэпкъым къабгъэдэкI сауГъэт щхьэхуэхэр иратащ техникэ нэхъыфI къэзыгъэлъэгъуа Сасыкъ Мухьэмэдрэ (Налшык) Бейтыгъуэн Темырланрэ, зэIущIэр нэхъ кIэщI дыдэу зыуха Къалмыкъ Артур (Лашынкъей), текIуэнигъэм ерыщу хущIэкъуа Аликаев Мухьтар (Бабугент) сымэ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм я нэхъыщIэ дыдэ Шыгъушэ Амир (Шэрэдж Ищхьэрэ) Лашынкъей къуажэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и унафэщIым къыбгъэдэкI ахъшэ сауГъэт хуагъэфащащ.

- Республикэм и щIыпIэхэм щIэ дзэлэпщэрыбанэ зауэмкIэ секцэхэм я гъэсэнхэм екъулIэныгъэхэр зыIэрызыгъэхьа спортсменхэр къахэкIащ. Абы къегъэлъагъуэ ди федерацэм и тренерхэр зэхьэзэхуэу лэжьыгъэфI зэрыгагъэкIуэкIыр. Спортсмен ныбжьыщIэхэм ерыщагъэ зэрахэлъыр къызэкъуахащ, техникэ и лъэныкъуэкIэ къызэрызэгъэпэщари ягъэлъэгъуащ, - жиIащ КъБР-м дзэ Iэпщэрыбанэ зауэмкIэ и федерацэм и унафэщI Шэрджэс Заурбэч.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

• Баскетбол

Краснодар къапоплъэ

«Локобаскет - Школ лигэ» кIэух зэхьэзэхуэхэр Налшык и универсальнэ спорт комплексым щекIуэкIащ. Абы и къызэгъэпэщакIуэщ Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ министерствэр, Налшык къалэ округым физкультурэмрэ спортымкIэ и комитетым и спорт школ №2-р.

ХЬЫДЖЭБЗ цIыкIуэм я деж япэ увыIпэр къыщIахащ. Налшык дэт курыт еджапIэ №27-м и командэм. ЩIалэщIэхэм я зэпеуэм гимназие №29-м щыщхэм бжьыпэр щиубыдащ.

Зэхьэзэхуэм и джэгуакIуэ нэхъыфIу къалъытащ Щомахуэ Залинэрэ (курыт еджапIэ №27) Бозий Мухьэмэдрэ (гимназие №29). «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Канунниковэ Татьянэ, зэхьэзэхуэм и тхьэмадэ Пахутко Андрей, КъБР-м баскетболымкIэ и федерацэм и президент Къумыкъуэ Альэнджэрий, спортым и ветеран Беккиев Азрэт сымэ къыхэжаныкIа командэхэм кубокхэмрэ дипломхэмрэ, джэгуакIуэ нэхъыфIхэм «Урысей гъущI гъэзугъэр» ОАО-м къыбгъэдэкI сауГъэт лъапIэхэр иратащ.

Республикэ зэхьэзэхуэм щытекIуа командэхэр хэтыщу мэлыжьыхьым и 28-м щыщIэдзауэ наКъыгъэм и 5 пшIондэ Краснодар щекIуэкIыну урысей-псо кIэух зэхьэзэхуэм.

ТЕРКЪУЛ Мурат.

• Универсальнэ бэнэкIэ

Дыщэ, дыжьын, жэз

Универсальнэ бэнэкIэмкIэ Урысейм пашэныгъэ къыщыхьыныжмкIэ ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ Калугэ областым и Медынь къалэм щекIуэкIащ.

КъБР-м икIахэм ящыщу зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ Бейтыгъуэн Залым (кг 70). КIэбышэ Амирэ (кг 75-рэ) Дол Испымрэ (кг 85-рэ) етIуанэ увыIпэр къахьащ, ДыщэкI Къантемыр (кг 95-м щIигъу) ещанэ хъуащ.

Спортсменхэр я гъэсэнщ тренерхэу Бейтыгъуэн Русланрэ Шэрджэс Заурбэчрэ.

ТАМБИЙ Жануэ.

• Пшыхьхэр

Мамий Аслъэн и зэфIэкI лъагэ

ПсэгъэгуфIэ пщыхь дахэхэмкIэ щIэх-щIэхыурэ дагъэгуфIэ республикэм и цIыхуэхэр. Апхуэдэу гукъинэжу иужьрей зэманым екIуэкIахэм ящыщщ ди щIыналъэми гъунэгъу хэгъэгухэми цIэрыIуэ щыхъуа, макъамэ куэд зи къалэмпIэм къыпыкIа композитор Мамий Аслъэн и творческэ пшыхьыр, и ныбжьыр илъэс 40 щрикъум ирихьэлIэу къыщэрагъэпэщар. ТIысыпIэ дэнэ къэна, щытыпIэ имыIэжу цIыхущхъэ къекIуэлIат Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм. Концертыр гукъинэжт, щIэщыгъуэт, макъамэ дахэм щIэдэIуну хуейхэм я гукъыдэжым и къигъэхъуапIэ хъуам щIы хэлъытэкъым.

АР екIуу зэхэзыубла икIи езыгъэкIуэкIа КIэхумахуэ ФатIимэрэ Джаурджий Жамболэтрэ утыкур япэу хуит хуащIащ Бэч Азэмэт (абы игъэзэщIащ «Моя Кабардино-Балкария» уэрэдыр). Зи псалъэхэрри макъамэри Мамийм ей уэрэд купщIафIэм иужькIэ къэпсэлъапIэм къраГъэлбгъащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. Ар екъуэхъуащ зи махуэр зыгъэлъапIэ Аслъэн, пIалъэ кIэщIми, адыгэ театрым зэрыщыдэлэжьаеуэ щытар игу къигъэкIыжащ, щэнхабзэм и дежкIэ Iуэ емызэщхьыж нобэми и гуащIэм зэрыкIэлъыплъыр къыхигъэщащ.

КъыжьыIапхъэщ Мамийм и уэрэдхэм я нэхъыбэм езым и псалъэхэр зэралъабжьэр. Пэжщ, яхэтщ абыхэм нэгъуэщIхэм я усэу макъамэ зыщIилъхьахэри. Псалъэм папщIэ, ар нэхъ гъунэгъуу зыдэлажьэхэм ящыщщ КъБР-м и Суд департаментым и управленэм и унафэщI, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ Уэгъуэ Мухьэмэд (аращ зытхар «Моя Кабардино-Балкария», «Анэ», нэгъуэщIхэри). Псалъэ щратым, Мухьэмэд тепсэлъыхьащ Аслъэн къызэрицIыхуауэ щытам, и усэхэм псэщIэ къаззэрыIуигъэкIам, ахэр утыкушхуэхэм зэрыщагъэзащIэм папщIэ композиторми ахэр жызыIэ артистхэми фIыщIэ яхуищIащ.

Апхуэдэ псалъэ гуапэхэр Мамий Аслъэн хужиIащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ гупым и художественнэ унафэщI, УФ-м и Правительствэм и саугъэтыр зыхуагъэфэща Атэбий Игорь.

Пшыхьыр ягъэдахащ уэрэджьIаKIуэхэу Сокъур Ольгэ, Нэхущ Чэрим, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Шал Хъусен, Аслъэн Iэсиет, ЦокIыл Азэмэт, Хъусин Анзор, Тхьэзэплъ Залинэ, ТхьэкIумащIэ Аслъэн, Адисэ, Тэрчокъуэ Алим, ДыщэкI Артур, ТIэхъу Артур, Третьяк Татьянэ, Джам Булатов (сценэ цIэ лейщ), Iэрэмысэ Азрэт, Къуэдзокъуэ Алим, Къул Аслъэн, Абхъазым и артистхэу Чамагуа Джансухрэ Тание Тимуррэ, «Нал цIыкIу» сабий къэфакIуэ гупым (художественнэ унафэщIым Куэшей Аликщ).

ИСТЭПАН Залинэ.

ФIым я фIыжхэр

• Гъуэгу къежьапIэ

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Псалъэ псэу» республикэ литературэ зэпеуэ. ЕгъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ зэпэгъунэгъу зыщI зэхьэзэхуэ гъэщIэгъуэныр илъэс ебланэ хъуауэ мы Iуэхущапlэм и лэжьакIуэхэм къызэрагъэпэщ.

НЫБЖЬЫщIэХЭМ я зэфIэкIыр къалъытэну зэпеуэм зыкъгъагъэхьэлIат «Джэгуакlуэ» цIыхубэ театрым и тхьэмадэ ТхьэзэплъыжкIэИслъам, Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и унафэщIым и къудамэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ Уэгъуэ Мухьэмэд (аращ зытхар «Моя Кабардино-Балкария», «Анэ», нэгъуэщIхэри). Псалъэ щратым, Мухьэмэд тепсэлъыхьащ Аслъэн къызэрицIыхуауэ щытам, и усэхэм псэщIэ къаззэрыIуигъэкIам, ахэр утыкушхуэхэм зэрыщагъэзащIэм папщIэ композиторми ахэр жызыIэ артистхэми фIыщIэ яхуищIащ.

Апхуэдэ псалъэ гуапэхэр Мамий Аслъэн хужиIащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ гупым и художественнэ унафэщI, УФ-м и Правительствэм и саугъэтыр зыхуагъэфэща Атэбий Игорь.

Пшыхьыр ягъэдахащ уэрэджьIаKIуэхэу Сокъур Ольгэ, Нэхущ Чэрим, ТхьэгъэлэдждкI Светланэ, Шал Хъусен, Аслъэн Iэсиет, ЦокIыл Азэмэт, Хъусин Анзор, Тхьэзэплъ Залинэ, ТхьэкIумащIэ Аслъэн, Адисэ, Тэрчокъуэ Алим, ДыщэкI Артур, ТIэхъу Артур, Третьяк Татьянэ, Джам Булатов (сценэ цIэ лейщ), Iэрэмысэ Азрэт, Къуэдзокъуэ Алим, Къул Аслъэн, Абхъазым и артистхэу Чамагуа Джансухрэ Тание Тимуррэ, «Нал цIыкIу» сабий къэфакIуэ гупым (художественнэ унафэщIым Куэшей Аликщ).

ИСТЭПАН Залинэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхьы секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщэнэкъэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иззэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхущхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущапlэхэм ядолжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; ерыщагъэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзыкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалэта Iуэхутъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зыгъахэм иэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьныныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм №Н-0065-м щIэту яхэтщ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыгъразащ.
КъБР, Налшык къалэ,

Мы къыдэкIыгъуэм елажьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 2, 3-нэ)*, **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ)*, *корректорхэм я дзIэныкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Сандэ, Щомакъэ Марианнэ, Мэлбаевэ Анжелэ,** *суэрэтхэм елажьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейуэ сыхьэт 20-м, щыградзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.687 ● Заказ №782